# Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури! № 112

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№182-183 (23.341) ● 2016 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 17, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# КIуэкIуэ Юрий республикэм исхэр къыхуриджащ 2016 гъэм фокIадэм и 18-м екIуэкIыну хэхыныгъэхэм жыджэру хэтыну

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий цIыхухэр къыхуриджащ хэхыныгъэм жыджэру хэтыну, граждан жэуаплыныгъэ яхэлъу фокIадэм и 18-м хэхыпIэ участкэхэм къекIуэлIэну.**

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зиIэхэ, ныбжьэгъу лъапIэхэ! ФокIадэм и 18-м Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблanэ хэхыгъуэм и депутатхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм хэтынухэмрэ республикэм и жылагъуэхэм щыIэ хэхыпIэ участкэу 122-м щыхахынущ.

Хэхыныгъэм жыджэру фыхэтыну фыкъыхузоджэ. Дэ тщыщ дэтхэнэми Iэ зэриIэтым елъытауэ щытынущ къэралымрэ щIыналъэхэмрэ я лIыкIуэ властыр, апхуэдэу щыщытkIэ, ди къэкIуэнур зыхуэдэнур. Хэхыныгъэм зыхуэгъэхьэзырынымкIэ лэжьыгъэхэр иджыпсту зекIуэ законодательствэм къигъэувхэм тету, щхьэхуиту, зэпеуэнымкIэ псоми зэхуэдэ Iэмалхэр яIэу екIуэкIащ. Дэ тхузэфIэкI псори длэжьын хуейщ законхэр къыдэзыгъэкI властым и органхэм щылэжьэнухэр Iуэхум хэзыщIыкI икIи абы и лъэныкъуэкIэ гудзакъэ зыхэлъ защIэу щытын папщIэ. Шэч къытесхьэркъым, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм къабгъэдэхуэ жэуаплыныгъэр къазэрыгурыIуэм икIи абыхэм тэмэму Iэ зэраIэтынум», - къыщыгъэлъэгъуащ тхыгъэм.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# ФокIадэм и 19-м Налшык къыщызэIуах ДАХ-м и зимычэзу XI Конгрессыр




# Урысейр зызыужь къэрал лъэщу щытын папщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу 2016 гъэм екIуэкIа Олимпиадэм пашэныгъэр щызыубыдахэм хэхакIуэхэр къыхураджащ хэхыныгъэм хэтыну.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблanэ хэхыгъуэм хэтынухэм папщIэ Iэ щаIэтынум ирихьэлIэу «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм Iэ яIэт!» республикэ жылагъуэ зэщIэхъеиныгъэм и жэрдэмщIакIуэ гупым хэIущIыIу ящIащ «Къэралым и фIыгъуэм зэкIэлъыкIуэу телэжьэну хьэзыр икIи зызыужь къэрал лъэщу Урысейр зэтегъэувэнымкIэ гъуэгур зыубзыхуну кандидатхэм папщIэ Iэ фIэт икIи фи граждан къалэныр егупсысауэ, жэуаплыныгъэ фхэлъу вгъэзащIэ!» къыхуеджэныгъэр. Ар зытхахэм къызэралъытэмкIэ, хэхыныгъэр жылагъуэм тэмэму зэрызиужьам и дамыгъэщ, къэралым и зыужьыныгъэм хэтынымкIэ Iэмалщ.

**ЖэрдэмщIакIуэ гупым яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен цIэрыIуэхэр: Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа Олимпиадэм и лIыхъужьхэу Мудрэн Беслъэнрэ Джэду Iэниуаррэ, апхуэдэу Iэпщэрыбанэ зэзауэмкIэ спортсмен цIэрыIуэ Туменов Альберт сымэ. Къыхуеджэныгъэм псори зэхэту цIыху 18-м Iэ щIадзащ, абыхэм республикэм и артистхэр, журналистхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр яхэту.**

# Махуэшхуэм и щIыхькIэ

**Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм Адыгэхэм я махуэм и щIыхькIэ фокIадэм и 20-м Къэбэрдей уэрамым гуфIэгъуэ Iуэхухэр къыщызэригъэпэщынущ.**

СЫХЬЭТ 12-м сабийхэм я махуэшхуэ программэм хиубыдэу зыкъагъэлъэгъуэнущ «Нал цIыкIу», «Iуащхьэмахуэ», «Шагъдий», «Минги Тау», «Асса», «Звездочка», «Каллисто», «Зори Кавказа», «Пшынауэхэр», «Ровесницы», «Озорницы», «Басият» ансамблхэм хэтхэм.

Таукеновэ Галинэ, Щомахуэ Хьэсэнбий, «Родник» къэзакъ хорыр, эстрадэмкIэ муниципальнэ театрым и уэрэджыIакIуэ гупыр зыхэт концерт программэм сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 30-м щIидзэнущ. Сыхьэт 16.00-м щIалэгъуалэ джэгу ирагъэжьэнущ. Махуэшхуэр зэхуащIыжынущ артистхэри къызэхуэсахэри зыхэтыну уджымкIэ.

***Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.***




*«Адыгэ псалъэ» (КъБР), «Черкес хэку» (КъШР), «Адыгэ макъ» (АР), «Шапсыгъ» (Краснодар край) газетхэм я редакцэхэм зэгъусэу къыдагъэкI зи чэзу номер зэхэтыр теухуащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр зэрагъэлъапIэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъумрэ. Илъэсищ ипэ ДАХ-м и жэрдэмкIэ къыхалъхьа а Iуэху дахэр нобэ адыгэ щыпсэу дэнэ хэгъуэгуи, къэрали щагъэлъапIэ. Ар хуабжьу Iэмалыфlщ ди лъэпкъ зэхэщIыкIым зиужьынымкIэ, ди хабзэ дахэхэмрэ дуней тетыкIэ екIумрэ нэгъуэщIхэм едгъэлъагъунымкIэ, ди ехъулIэныгъэхэр иджыри зэ утыку къитхьэнымкIэ. Сыт хуэдизу гъащIэм зэпэIэщIэ димыщIами, зы лъэпкъыу дызэрыщытыр, дызэрызэкъуэшыр, ди гуфIэгъуэхэр зэдэтIэту, ди гуныкъуэгъуэхэр зэдгъэзэхуэжу дыкъызэрызэдекIуэкIын хуейр иджыри зэ дигу къэзыгъэкIыж махуэщ ар.*




● Ди псэлъэгъухэр

# СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий: Къалэныр зыубзыхуфырщ зи Iуэху дэкIынур

***Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщрэ блэкIа илъэс 25-м унафэщI зыбжанэ зэрихъуэкIащ. Къэрал куэдым щикъухьа адыгэхэр зэзыгъэуIу жылагъуэ зэгухьэныгъэм 2012 гъэ лъандэрэ и тхьэмадэщ Сэхъурокъуэ Хьэутий икIи а лъэхъэнэм хэхэсхэми хэкурысхэми яфI зыхэлъ лэжьыгъэ куэд иригъэкIуэкIащ. Иужьрей лъэхъэнэм хасэр зи ужь итхэмрэ лъэпкъыр зыгъэпIейтей Iуэхухэмрэ къытхутепсэлъыхьыну делъэIуащ Сэхъурокъуэм.***

**- Хьэутий, ДАХ-м и тхьэмадэу япэ пIалъэм ущылэжьам зыхуэбгъэувыжа къалэнхэм дауэ уапэлъэща, абыхэм ящыщу сыт хуэдэхэр етIуанэ пIалъэм къэбгъэIэпхъуэн хуей хъуа?**

- «Ди япэ итахэм сыту пIэрэ ялэжьар, зыхунэмысар сытыт, нэхъыбэу зытегъэщIэн хуейр сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэра?» - жытIэурэ дызэчэнджэщурэ дылэжьащ япэ илъэсищым. ЕтIуанэ пIалъэм сыщыхахыжми сызэгупсысащ: къытпэщылъ къалэнхэм ящыщу дэтхэнэхэра япэ игъэщыпхъэр? Зэпымыууэ зызыхъуэж ди зэманым УФ-м и законхэми захъуэжащ. ДАХ-м и Уставри а хабзэхэм хуэгъэкIуэн хуей хъуащ. Абы ипкъ иткIэ, УставыщIэм и проектыр зэхэтлъхьэри хамэ къэралхэм щылажьэ хасэхэм яхуедгъэхьащ, абыхэм щыгъуазэ зыхуащIын, ар егъэфIэкIуэнымкIэ езыхэми жэрдэмыщIэ гуэрхэр къыхалъхьэн папщIэ. Абыхэм кърагъэхьыжахэм хэплъэжри, ГубэщIыкI Владимиррэ Къуэдзокъуэ Анатолэрэ зи пашэ редакционнэ комиссэр елэжьыжауэ фокIадэм и 19-м екIуэкIыну зэхуэсышхуэм и утыку къитлъхьэнущ.

Уи упщIэм и жэуапым адэкIэ пысщэнщи, япэ пIалъэм къыдэмыхъулIахэм, абы и щхьэусыгъуэм нэхъ кууэ дыхэплъэжащ икIи Iуэхур нэхъыфIу зэтеубла хъуным долэжь. ЕхьэкI-нехьэкI хэмылъу жысIэнщи, ГъэзэщIакIуэ гупым зи лэжьыгъэкIэ сызыхуэмыарэзы яхэтщ, апхуэдэхэм яхуэгъэза упщIэ къэтIэтыну ди мурадщ къэблэгъа ди зэхуэсым.

(КIэухыр 3-нэ нап.)

# Мэлбахъуэ Тимборэ: лъэуж махуэ

**Лъэпкъым махуэшхуэ щигъэлъапIэм и деж, абы и тхыдэм нэхъ къыхэнэхукI цIыху зырызхэр уигу къокIыж. Ди щIыналъэм дежкIэ апхуэдэхэм языхэзщ Мэлбахъуэ Тимборэ Къубатий и къуэр. Зи гъащIэ гъуэгур республикэм и тхыдэм къыпхугуэмых а лIы щэджащэр нобэ жьантIэм дэс дэтхэнэ зыми и нэгум щIэтщ гъащIэ блэкIам и дамыгъэу.**

«Тхыдэми къыхэнэнущ, цIыхухэм ягуми Мэлбахъуэ Тимборэ игъащIэкIи илъынущ лъэпкъым и хабзэфIхэм хуэпэжа, езыр щыпсэу лъэхъэнэм и купщIэр губзыгъэу къэзыубыдыфа цIыхуу», - жиIащ Къанокъуэ Арсен Мэлбахъуэ Тимборэ къызэралъхуар илъэс 90 зэрырикъуар щагъэлъапIэм. КъБР-м и Президентым и псалъэхэм лъабжьэ яхуэхъуар а лIы щэджащэм и гъащIэ купщIафIэрщ.

Мэлбахъуэ Тимборэ Джылахъстэнейм хыхьэ Мэртэзей къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ. Мэртэзей дэт еджапIэр къиуха нэужь, ар инженер IэщIагъэм хуеджэн и мураду Новочеркасск дэт институтым щIэтIысхьащ. ИужькIэ а зэманым Дзауджикау (Владикавказ) дэта мэкъумэш институтым зригъэдзыжри, агроном IэщIагъэр иIэу абы къыщIэкIащ.

Дзэм къулыкъу щищIэу Хэку зауэшхуэр къэхъейри, Мэлбахъуэр фронтым Iууващ. Вагъуэ Плъыжь орденымрэ медаль зыбжанэрэ и бгъэм хэлъу ар 1946 гъэм адэжь щIыналъэм къэкIуэжащ. А илъэс дыдэм Тимборэ партым и Къэбэрдей обкомым и мэкъумэш къудамэм и унафэщIым и къуэдзэу лэжьэн щIидзэри, 1985 гъэ пщIондэ парт къулыкъущIэу екIуэкIащ. А зэманым щыщу илъэс 29-кIэ ар КПСС-м и япэ секретару лэжьащ.

УнафэщI IэнатIэр зыхуагъэфащэр цIыхум ягу къызэринэр и Iуэху зехьэкIэмрэ и шыфэлIыфэмкIэщ. КъБР-м и илъэс 95 нобэ дгъэлъапIэм и нэхъыбэр ди цIыхухэм Мэлбахъуэм и жьауэм щIэту ирахьэкIащ.

«Утыку уэзрихьэр лъапэщи, укъызэрикIыжыр напэщ», - жеIэ адыгэм. Илъэс 68-рэ хъууэ Мэлбахъуэ Тимборэ пенсэм кIуэри тIысыжащ, ауэ абы и ужькIи и псалъэм пщIэ имыIэу щытакъым. 90 гъэхэм республикэм къыщыхъея Iуэху зэхэзэрыхьахэр гуащIэ щыхъум, Мэлбахъуэ Тимборэ и ущиеми цIыхубэр щIэдэIуауэ щытащ.

Мэлбахъуэм и зэманращ КъБР-м щIэныгъэм зыщыщиубгъуар, а лъэхъэнэм къызэIуаха еджапIэхэм я нэхъыбэр нобэми мэлажьэ. Гукъинэжщ укъызыхэкIа лъэпкъыр къыпфIэмыIуэхунымрэ уи анэдэлъхубзэр умыщIэжынымрэ шэрыуэрэ иигъэукIытэу ар зэрытепсэлъыхьу щытар. А псалъэхэм ноби я чэзу икIауэ пхужыIэнукъым:

«Лъэпкъыр къызэрыпцIыхур и бзэмрэ и псалъэмкIэщ. Дэ езым ди бзэм, ди лъэпкъым пщIэ хуэдмыщIыжынумэ, сыт лъэпкъ гъуазджэти лъэпкъ щэнхабзэти жытIэу къыщIэдджыхынур, анэдэлъхубзэкIэ апхуэдиз тхылъ къыщIыдэдгъэкIынур? Хэт абы хуейр? Зи бзэр зымыщIэжхэмрэ зыщIэну хуэмеиххэхэмрэ?! ИIэ-тIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ жыдмыIэу, ди щIыналъэм «Налшык щIыналъэ» фIэдвгъэщ, дэри гугъу демыхьу къэралри апхуэдизу къыдэмылIалIэу»


**Мэлбахъуэ Тимборэ Андропов Юрий йочэнджэщ**. *Москва, 1982 гъэ*

БлэкIам пщIэ щIыхуащIыр япэ итахэм къащIэна акъылымрэ зэфIэкIымрэ зыфIамыгъэкIуэду я нобэм трагъэлэжьэн щхьэкIэщ. Мэлбахъуэ Тимборэ хуэдэ цIыхушхуэхэр щIагъэлъапIэр и Хэкум мурадыфI хуэзыщIа дэтхэнэ зыри и къарум щымысхьын, IуэхуфIхэр иукъуэдиифын, гугъуехьхэм къапимыкIуэтын папщIэщ. Апхуэдэ дуней тетыкIэм утезыгъэгушхуэ фэеплъщ Тимборэ къызэринэкIа псалъэ Iущхэр, «Мэлбахъуэм и дэфтэрхэр» фIэщыгъэм щIэту литературэ тхыдэм къыхэнахэу ди тхыгъэм кIэух хуэтщIыну тфIэщхьэпэр: «Къулыкъум фыхуэмыпабгъэ, саугъэтхэмрэ утыкумрэ фыхуэмынэпсей. Фи напэр къабзэу фи IэнатIэр фхьы. Фи пщIэнтIэпсымрэ акъылымрэ здэщIыгъуу фIыуэ фылажьэмэ, зы Iэмэпсымэ абрагъуэм и Iыхьэ къудейуэ фызэрыщытыр фщIэжу, езыр-езыру фыкъалъагъунущ. Къулыкъу лъагэхэри цIэ лъапIэхэри фемыджауэ къыфхуеблэгъэнущ».

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# ЛЪАБЖЬЭ БЫДЭ

**КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Тырныауз къалэм 1941 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь, абы агроном IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ КъБКъУ-м. 1964 гъэм КIуэкIуэм лэжьэн щыщIидзащ Бахъсэн щIыналъэм щызэхэт «Трудовой горец» колхозым. 1970 гъэм Мэкъумэш хозяйствэм и экономикэмкIэ Союзпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и аспирантурэр Москва къыщиухри, ар лэжьакIуэ ирагъэблэгъащ КъБАССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIу, иужькIэ «Лэскэн» совхозым и унафэщI ящIащ.**

1974 ГЪЭМ къыщыщIэдзауэ илъэси 9-кIэ КIуэкIуэ Валерэ Аруан щIыналъэм и Iэтащхьэу лэжьащ. А лъэхъэнэм наIуэ къэхъуащ IэщIагъэлIым хэлъ зэфIэкI лъагэхэр, Iуэху зехьэкIэ пэрытыр. УнафэщI щыпкъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм и нэIэм щIэт районыр щIэх дыдэу республикэм и экономикэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI щIыналъэ ищIащ.

Къэралыр щытыкIэ гугъум щихуа 90 гъэхэм ирихьэлIэу КIуэкIуэ Валерэ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Тхьэмадэт. Республикэм къыщыхъуа зэпэщIэувэныгъэр игъэупщIыIун папщIэ, политик Iущым икIи жыжьэ плъэм хэкIыпIэхэр къигъуэтащ - ар и къулыкъум текIащ, жылагъуэ Iуэхур и щхьэ закъуэ Iуэхум япэ иригъэщри. АрщхьэкIэ мази 4 нэхъ дэмыкIыу КъБР-м и цIыхубэм политик цIэрыIуэм, къэрал лэжьакIуэ пашэм аргуэру и дзыхь иригъэзащ: КIуэкIуэ Валерэ хахащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президенту.


**Путин Владимир Налшык къеблэгъащ. Абы гуапэу IуощIэ КIуэкIуэ Валерий**. *2001 гъэ*

Акъылышхуэ зыбгъэдэлъ политик Iущым хузэфIэкIащ жылагъуэр зэрыхуа щытыкIэ хьэлъэм къришу щIыналъэм зэпIэзэрытыныгъэр щызэтриублэжын, лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэрэ лъыгъажэрэ Iуэхум къыхимыгъэхьэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу цIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэфIыр гъэбыдэным, абы лъэпкъ зэгурыIуэныгъэ илъыным хущIэкъуащ КIуэкIуэ Валерэ. ЩIыналъэм и экономикэ лъэщагъым хэгъэхъуэн, псэукIэм и фIагъыр къэIэтын - апхуэдэ Iуэхугъуэхэрщ мычэму зэлэжьар къэрал, жылагъуэ-политикэ къулыкъущIэр. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ, зэман кIэщIым кърихубыдэу, республикэм щытепщэ хъуащ зэгурыIуэныгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ.

КъБР-м и япэ Президентыр сыт щыгъуи хущIэкъуащ Урысей Федерацэр гъэбыдэным, абы хыхьэ щIыналъэхэр щхьэхуиту щытыну зэрыхуейри IэщIыб имыщIу. Ди республикэм и къэкIуэну дахэр КIуэкIуэ Валерэ, псом япэрауэ, зыхилъагъуэр и Iыхьэу зыхэт къэралым и лъабжьэр гъэбыдэнырт. Апхуэдэу КIуэкIуэ Валерэ и фIыгъэкIэ ди щIыналъэм экономикэ, щэнхабзэ пыщIэныгъэ куухэр яхуиIэ хъуащ гъунэгъу республикэхэм, областхэм, крайхэм. Ноби ефIакIуэ а зэдэлэжьэныгъэхэр сэбэп яхуэхъуащ лъэныкъуэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэм.

КIуэкIуэ Валерэ пщIэшхуэ щиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми. УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщIым и къуэдзэу, Къэрал Советым хэту, ар жыджэру хэлэжьыхьащ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр зэфIэхыным, цIыхубэм я сэбэп зыхэлъ унафэхэр къэщтэным икIи гъэзэщIэным.

КъБР-м, УФ-м я политикэ, экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэхэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, КIуэкIуэ Валерэ къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэ куэд. Абыхэм ящыщщ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и II, III нагъыщэхэр, ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжьым, «ЩIыхьым и Дамыгъэ», Зэныбжьэгъугъэм, Жэпуэгъуэ Революцэм я орденхэр.

**ШЫПШ Даянэ.**

# Къалэныр зыубзыхуфырщ зи Iуэху дэкIынур

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*



Ди Уставым нэхъыщхьэу къигъэув къалэнхэм ящыщщ зэлъэпкъэгъухэм зэхудиIэ зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэным, ахэр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуа Iуэхугъуэр. Къапщтэмэ, а лъэныкъуэмкIэ лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъщ. Ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу щIыпIэ псоми щылажьэркъым хасэхэр. Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэр зэщIэзыгъэуIуэри хэкужьым къыпызыщIэри хасэхэращ, абыхэм я мыхьэнэр инщ. Адыгэ макъ къыщыIу къэралхэм я хасэхэр ДАХ-м къыхэдгъэхьэу ди зэпыщIэныгъэхэр нэхъ куу хъун папщIэ ди мурадщ дяпэкIэ Iэмалыщ Iэхэр ди лэжьыгъэм хэдгъэхьэну. Нэхъыбэу дызэрыщIэн папщIэ интернет, видеоконференц жыхуэтIэхэр къэдгъэсэбэпын хуейщ, мы зэманым абыи долэжь.

**- Адыгэхэр щыпсэу щIыналъэхэм щыIэ хасэхэм я лэжьыгъэм теухуауэ сыт жыпIэн?**

- Адыгэхэр зэрыс хэгъуэгухэм щылажьэ Хасэхэм я лэжьыгъэращ зэлъытар Хасэшхуэм и ехъулIэныгъэри. Къэрал къэскIэ щытыкIэ зырыз яIэжщ, я хабзэхэри зэхуэмыдэщ. Хасэхэм я лэжьыгъэри апхуэдэу зэщхьэщокI. Псалъэм папщIэ, Тыркум щыпсэу адыгэхэмрэ Иорданием щыIэхэмрэ зэхуэбгъадэ хъунукъым. ЦIыхур щыпсэу къэралым иIэ псэукIэр къэщтэ абы щыпсэу лъэпкъми. Дэтхэнэ Хасэми и лэжьыгъэр зыхуэгъэзар лъэпкъыращ. Анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэ хъумэн, щIэблэм ди тхыдэр ящIэу къэгъэхъун, лъэпкъ щэнхабзэр зехьэн, щытыкIэ гугъум ихуа ди лъэпкъэгъухэм щIэгъэкъуэн яхуэхъун - мы Iуэхугъуэхэращ Хасэхэм я къалэн нэхъыщхьэхэр. Абы къыдэкIуэу адыгэ щыпсэу хэгъуэгу куэдым я унафэщIхэм я деж нагъэсыф лъэпкъым теухуа чэнджэщхэр, лъэIухэр, мурадыфIхэр. Апхуэдэ лэжьэкIэм лъэпкъым теухуауэ фIыщ къыдэкIуэр. Щапхъэу къэтщтэнщ Израилым щыпсэу адыгэхэр. Адыгэхэр зэуIуу щыпсэууэ а къэралым къуажитI фIэкIа щымыIэми, я бзэр яхъумэн яхузэфIокI, школхэм Iэмал имыIэу адыгэбзэр щадж, къэралми фIыуэ зыкърагъэлъагъуф, щэнхабзэмкIэ дунейпсо фестивалхэр щрагъэкIуэкI. Пэжщ, апхуэдэ пщIэр адыгэхэм езыхэм къалэжьащ. Абыхэм къэралым сэбэпынагъыу къыхуахьым къыпэкIуащ а хущытыкIэр.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм хамэ къэралхэм къикIауэ ди республикэм адыгэ сабий гуп зыбжанэ щыхьэщIащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Тыркум къикIа сабийхэм адыгэбзэ зыщIэу зыщ яхэтар, Иорданием къикIахэм цIыхуитIщ адыгэбзэкIэ псэлъэфу арат. Израилым къраша цIыкIухэм псоми адыгэбзэр яIурылът. Абы куэдым урегъэгупсыс, ДАХ-м и зэхуэсым къыщытIэтыну Iуэхугъуэхэм ящыщщ бзэм ехьэлIари.

**- Хьэутий, «Хэку» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр дауэ зэтеубла, хэхэс адыгэхэм я хэкужь къагъэзэжынымкIэ ар сыткIэ сэбэп хъурэ?**

- Къэрал куэдым щикъухьа адыгэхэр зэрыщIэным, хуэмхуэмурэ зэрыубыдыжыным япэ дыдэу телэжьыхьын щIэзыдзар «Хэку» урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэрщ. ДАХ-р зи ужь ит Iуэхухэм я къежьапIэ хъуащ илъэс щэ ныкъуэ и пэкIэ къызэIуаха а жылагъуэ зэгухьэныгъэм пщэрылъ зыщищIыжахэр. «Хэкум» и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ дуней псом текъухьа ди лъэпкъэгъухэр зэгъэуIужыныр, абыхэм я щIэблэр УФ-м щегъэджэныр, хэкужьым къэзыгъэзэжыну гукъыдэж зыщIахэм ядэIэпыкъуныр. Апхуэдэу гъэ къэс ныбжьыщIэ куэд еджапIэ нэхъыщхьэ щIыдогъэтIысхьэ. Квотэ жыхуэтIэмкIэ ди еджапIэхэм къыщIэтIысхьэхэм я бжыгъэм хэхъуащ иужьрей илъэсхэм. Абы къихь сэбэпыр нэрылъагъущ - хэкужьым щIэныгъэ щызрагъэгъуэтыну къихьэж щIалэгъуалэ куэд ди псэукIэм йосэж, лъэпкъыбзэр зрагъэщIэж, къытхосыхьыжри лъабжьэ мыбдежым щагъэтIылъыж.

**- Сирием щыпсэу адыгэхэм я Iуэхур иужьрей зэманым икъукIэ хьэлъэщ абы щекIуэкI зауэм и зэранкIэ. Ди лъэпкъэгъухэм сыт хуэдэ щIэгъэкъуэн ягъуэтрэ Хасэм къыбгъэдэкIыу?**

- Иужьрей зэманым адыгэхэр нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхур Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр зыхэхуа гугъуехьхэмрэ ахэр я адэжь щIыналъэм къэIэпхъуэжыныммкIэ ялэжьхэмрэщ. А къэралым адыгэу мини 120-м нэблагъэ ист, район зыбжанэм игуэшауэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, зауэр къызэрыхъейрэ адыгэ куэд яукIащ, уIэгъэ хъуащ. Дэ хъыбар къытIэрыхьэхэм жаIэ зы цIыху дэмысыжу адыгэ къуажэ зэрыщыIэр, ахэр гузэвэгъуэм зэрызэбгрихуар. ЩытыкIэ гугъу ит цIыхухэр нобэкIэ куэдщ. Сирием щыпсэу ди къуэшхэм дазэрыдэIэпыкъуфынум я нэхъыщхьэрати, бэлыхь хэхуа псори, жэрдэм зиIэхэри адэжь лъахэм къедгъэблэгъэжащ, зэрытхузэфIэкIкIэ дадоIэпыкъу. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2012 гъэм и пэщIэдзэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжащ цIыху 500-м нэблагъэ. Ипэ зэманым санаторэхэм пIалъэкIэ щIэсахэщ, иужькIэ унагъуэ 85-м псэупIэ къызэрашэхун ахъшэ еттащ, икIи къуажэ-къуажэкIэрэ унэ-лъапсэхэр къащэхуауэ я щхьэ япIыжу мэпсэу.

Ноби иухакъым гузэвэгъуэ хэхуа ди къуэшхэм яхуэтщIэн хуей къалэнхэр. Ахэр я адэжь щIыналъэм къэIэпхъуэжыпэным, Урысейм и цIыхуу илъытэу ди хэку иригъэсыжыным пыщIа дэфтэрхэр къыдахыфын щхьэкIэ дэ къэрал унафэщIхэм, хабзэубзыху IэнатIэхэм захудогъазэ, зэгуэр мыбы ирахуа ди адэжьхэм я щIэблэр къиин пымылъу Урысейм къекIуэлIэжыну Iэмал иратын зэрыхуейр ди Iэташхьэхэм къазэрыгурыдгъэIуэным догугъу. ЗанщIэу къыхэгъэщыпхъэщ «зыкъызэщIэфкъуи фыкъэкIуэж, фыдгъэпсэунщ» жытIэн хуэдэу гуащIэшхуэ зэрыткъуэмылъыр. Абы хэкIыпIэу иIэр зи нэIэ дыщIэт къэралым и дэIэпыкъуныгъэрщ. ДАХ-ми, «Хэку» зэгухьэныгъэми лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIыр къыжыIапхъэщ. Ауэ мыбдежми Iуэхум кууурэ ущыгъуазэу, шыIэныгъэ пхэлъу убгъэдыхьэн хуейщ. Абы папщIэ махуэ къэс улэжьэныр, хуэмурэ убэкъуэныр нэхъ къезэгъщ.

**- Адыгэхэм я махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс ещанэ хъуауэ щагъэлъапIэ. А махуэшхуэм и мыхьэнэм теухуауэ сыт къыджепIэн?**

- БлэкIа лъэхъэнэм къриубыдэу ди гуапэу дигу къэдгъэкIыжыну тхузэфIэкIахэм ящыщщ фокIадэм и 20-р Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэу зэрыдгъэнэхуар. Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыхилъхьа а Iуэху дахэр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къыддиIыгъри, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис лъэпкъ псоми папщIэ гуфIэгъуэ махуэу зэригъэувым теухуа Унафэ къыдигъэкIащ. Ди гугъэщ дяпэкIэ АР-ми, КъШР-ми апхуэдэ унафэ къыщащтэу, махуэшхуэр къыддаIэтыну, адыгэхэр щыпсэу къэралхэм гъэ къэс екIуу щагъэлъэпIэну. Сыт хуэдизу гъащIэм зэпэIэщIэ димыщIами, зы лъэпкъыу дызэрыщытыр, дызэрызэкъуэшыр, ди гуфIэгъуэр зэдэтIэту, ди гуныкъуэгъуэхэр зэдгъэзэхуэжу дыкъызэрызэдекIуэкIын хуейр иджыри зэ дигу къэзыгъэкIыж махуэ хъуну дыщогугъ.

**- АдэкIэ фи мурадхэм щыгъуазэ дыпщIатэмэ си гуапэт...**

- Дэтхэнэ зы адыгэри, щыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэрыщыгугъыр зыщ: адыгэхэр зэгъэуIунырщ, ди бзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэнырщ, зегъэужьынырщ, ди лъэпкъэгъухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнырщ, хэкум къэкIуэжынымкIэ сэбэп яхуэхъунырщ. Дызэкъуэтмэ, дызэгурыIуэмэ, абы щыщ куэдыр зэрытхузэфIэкIынум шэч къытесхьэркъым.

Нобэ тхузэфIэкIыр длэжьын хуейщ. ЗанщIэу дызыхуей псом дыхунэскъым жытIэу дыувыIэ хъунукъым, атIэ а тхузэфIэкI мащIэри нэгъэсауэ тщIэн хуейщ: нобэ бгъэтIылъ мывэм пщэдей унэ тепщIыхьыж хъунущ. Зэманым псынщIэу зехъуэж. Нэхъыбэ щытхузэфIэкIын зэман дихуэмэ, нэхъыбэ тщIэнщ. КIэщIу жыпIэмэ, лъэпкъ Iуэхум теухуауэ «ди Iуэхур дэкIкъым» жызыIэхэм къагурыIуэну сыхуейщ адыгэу дэнэкIэ щыIэри зэрыщIэу, зэгурыIуэу лъэпкъым папщIэ яхузэфIэкI Iуэху щхьэпэхэр ялэжьмэ, абыкIэ нэхъыбэу сэбэп зэрыхъунур. Нобэ хуэдэ зэманым дыщIызэрымыIыгъын зы щхьэусыгъуи щыIэкъым, дызэкIэлъокIуэф, дызэрощIэф. ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ а Iэмалыр куэдкIэ нэхъ тынш, Iуэху щхьэпэхэр къыпэкIуэ хъуащ.

Зи жьауэ дыщIэт Урысей къэралым и хабзэ дымыкъутэу, игу зэдмыгъабгъэу, къызэрыддэIэпыкъуфыну псор къыпытхыу, ди IуэхузехьэкIэм, шыIэныгъэм фIы къызэрытхудэкIуэнум дыхущIэкъун хуейщ. Сабэ къэзыгъэхъейракъым япэ ищынур, акъыл хилъхьэу къалэнхэр и пIэ изыгъэувэфращ зи Iуэху дэкIынур. Адыгэм сыт щыгъуи жиIэркъэ: дахэм дахэ къешэ, Iейм къихьыр Iейщ.

*Епсэлъар*
**ЩОДЖЭН Iэминатщ.**

# ТОКЪУИЙ Мадинэ: ЦIыхухэм дызэхащIыкIыну дащогугъ

**Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм и унафэщI Токъуий Мадинэ зи IэщIагъэм гурэ псэкIэ бгъэдэт цIыхухэм ящыщщ. Махуэшхуэхэм ирихьэлIэу къалэм щызэхашэ гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр къызэзыгъэпэщыр ар зи пашэ гупырщ. Зэрыхабзэщи, цIыху лэжьакIуэхэм утыку итыну яфIэфIкъым. Апхуэдэхэм я зэманри зэпэубыдащ, кIэи пэи имыIэу гъащIэм къытеджэрэзыкI къалэнхэр нэгъэсауэ зэрызэфIахынум яужь итщи. А псалъэхэр щIегъэбыдэж Мадинэ депсэлъэну дыщыхуэзам, езым нэхърэ и лэжьыгъэм дытепсэлъыхьмэ нэхъ къызэрищтам.**

-ИУЖЬРЕЙ зэманым ди къалэм нэхъ гъэщIэгъуэну, нэхъ Iуэхугъуэшхуэу къыщыхъуахэм ящыщщ Къэбэрдей уэрамыр зэрызэрагъэпэщыжар. Уэрамым хъыбар дахэу иIамрэ цIыху гъащIэу зэпищIамрэ уи фIэщ хъункъым. Си адэанэм куэд дыдэ къызжаIэжу щыташ абы теухуауэ. Мэгъу къару гуэр а уэрамым зэрыхэлъыр пэжу къыщIэкIынущ. Арыншамэ, ар пIалъэ кIэщIым екIуу тхузэгъэпэщыжынутэкъым, апхуэдиз цIыху зэщIишэнутэкъым абы иджыри. Илъэс 50-м щIигъуауэ ар зэрагъэпэщыжыну щIэхъуэпс щхьэкIэ, иджыщ къыщыдэхъулIар. Къэралыр иджыпсту щытыкIэ гугъум зэритым, мылъкур зэрызэрагъэзахуэм емылъытауэ, ди щIыналъэм щыпсэухэм апхуэдэ тыгъэ лъапIэ хуащIащ. Уэрамыр къызэрызэIуахрэ ущызэблэмыкIыфу цIыхухэр тезщ, ар ди къалэм игущ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Иджы ар щэнхабзэ IуэхухэмкIэ зэрыдгъэнщIыным догупсыс. Махуэку, мэрем, щэбэт махуэхэм щэнхабзэ дауэдапщэхэр къыщызэдгъэпэщынущ. Псалъэм папщIэ, махуэкухэм духовой оркестрыр щыджэгунущ. Лъэпкъ къафэхэм, уэрэджыIакIуэхэм, усэ зытххэм, сурэтыщIхэм, IэпщIэлъапщIэхэм махуэ щхьэхуэхэр яхухэтхыну дохъуапсэ. Абы ехьэлIа Iуэху еплъыкIэ къыхэзылъхьэн щыIэмэ, ди гуапэ хъунут. Дэ щIэблэ зэчиифIэкIэ дыкъулейщ, сыхуейщ ахэри утыку къитшэну, - жеIэ Мадинэ.

Илъэс 20-кIэ музыкэмкIэ школым фортепианэмкIэ Токъуийм щригъэджащ. ЗэрымыщIэкIэ къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм лэжьапIэ ягъэува щхьэкIэ, иужькIэ IэнатIэм дихьэхыжащ. IэнатIэм зэрыхэзэгъари къегъэлъагъуэ абы зэфIигъэкI лэжьыгъэр зыхуэдэм.

- Къалэм и махуэм ирихьэлIэу едгъэкIуэкIа «Къалэм и унагъуэ нэхъыфI» зэпеуэм пашэ щыхъуахэр зэрыдгъэлъэпIэным иджыпстукIэ зыхудогъэхьэзыр. Илъэс етIуанэ хъуауэ къызэдгъэпэщ а Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ. Илъэс 50-кIэ зэбгъэдэса, творческэ бынхэр зыгъэса, щIэблэ куэд къызыщIэхъуа зэщхьэгъусэ Iумахуэхэм, зэрышагъащIэхэм къалэм и Iэташхьэр ехъуэхъунущ, саугъэтхэмкIи дахуэупсэнущ.

Адыгэхэм я дунейпсо махуэ къэблагъэр гуимыхужу дгъэлъэпIэну дыхуейщ. ЗэкIэ щэхухэр нахуэ къэсщIынкъым, ауэ а махуэм ди къалэр Iуэху гуапэхэмкIэ гъэнщIауэ зэрыщытынум шэч хэлъкъым.

Псори щIэтщIэжыр ди цIыхухэращ, ауэ пэжым ухуеймэ, фокIадэм и 1-м удзхэр яфыщIу, тетIысхьэпIэхэр якъутэу уэрамхэм къуейщIейуэ зэрыдэтар ди жагъуэ хъуащ. Дыхуейщ нэхъыбэу дызэхащIыкIыну, ди гугъуехьыр хэутэн ямыщIу, щыгуфIыкIыу зэрахьэну.

Ди лэжьыгъэмкIэ чэнджэщ къыдэзытын щыIэмэ, дедэIуэну дыхьэзырщ, ди нықъусаныгъэхэр дэзыгъэлъагъужым фIыщIэ хуэтщIынущ. Дэ цIыхухэращ дызыхуэлажьэр, абыхэм я Iуэху еплъыкIэр сыт щыгъуи тфIэгъэщIэгъуэнщ. Ауэ щыхъукIэ, дызэхащIыкIынуи дыхуейщ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

## Адыгэхэм папщIэ жаIащ

**Пщыр пщыуэ къалъытэн папщIэ, и теплъэкIи лъагъугъуафIэу, нэхъыжьхэм пщIэ яхуищIу, къарууфIэу, хахуэу зэрыщытыр далъагъун хуейщ. А щэнхэр зыхэмылъым и лъэпкъэгъухэм я пащхьэ пщIэ къыщихьынуи зиузэщIыфынуи щремыгугъ.**

БЛАРАМБЕРГ Иоганн,
*урысыдзэм хэта нэмыцэ генерал-лейтенант. 1830 гъэ*

Пэжыр зи гъуазэм насыпыр и гъуэгущ.

# Ыщ1э тарихъым хэхьагъ

**Щыlэныгъэм лъэуж дахэ къыщызгъэнагъэу, адыгэхэм ацlэ инэу языгъэlуагъэу зигугъу къэпшlын плъэкlыщтхэм зэу ащыщ Беданэкъо Аскэрбый Къаспот ыкъор. Ащ ицlыфыгъэкlэ, иакъылышlуагъэкlэ, иlофшlакlэкlэ ищытхъу чыжьэу lугъэ, ыцlэ тарихъым хэхьагъ. Аскэрбый зышlэщтыгъэхэм, иlахьылхэм къызэраlотэжьырэмкlэ, сыд фэдэрэ lофкlи зыпшъэ умыкlон цlыф гъэтlылъыгъэу ар щытыгъ. Икъоджэгъухэм ямызакъоу, ащ икъэбар зышlэхэрэм рыгушхохэу ар анахьэу агу къызэрэкlыжьырэр колхоз тхьаматэу lоф ышlэзэ гъэхъэгъэшхохэр зэришlыхэрэм къыхэкlэу 1964-рэ илъэсым ЦК КПСС-м и Апэрэ секретарэу, СССР-м Министрэхэм я Совет и Тхьаматэу Хрущев Никитэ Сергей ыкъор Фэдз къызэрэкlогъагъэр ары. Ищыlэныгъэ гъогу ыкlи уахътэр. 1917-рэ илъэсым Фэдз щыщ мэкъумэщышlэ лэжьэкlо унагъом Аскэрбый къихъухьагъ. Яунагъокlэ мэлырэ шырэ мымакlэу яlагъэти, былымхэм лъэшэу апыщагъэ хъугъагъэ. 1927-рэ илъэсым гурыт имыкъурэ еджапlэм чlэхьагъ. Кlэлэегъаджэ хъу шlоигъоу ренэу гухэлъ зыдиlыгъыгъ ыкlи ар къыдэхъугъ. 1933-рэ илъэсым къалэу Краснодар Адыгэ кlэлэегъэджэ техникумэу дэтыгъэм чlэхьагъ. А лъэхъаным кlэлэегъаджэ сэнэхьатым мэхьанэшхо ратыщтыгъэ. 1936-рэ илъэсым техникумыр къызэриухыгъэ дипломыр ыlыгъэу икъоджэ гупсэ къэкlожьыгъ. Кlэлэегъэджэ сэнэхьатэу хихыгъэм рылэжьагъ, директор lэнатlэми илъэсищым къыкlоцl нэсыгъ.**

ИЛЪЭС 22-м ихьагъэу Аскэрбый ищыlэныгъэ гъогу пхъашэу къызэхъокlыгъ. 1939-рэ илъэсым Советскэ Армием къулыкъу щихьынэу шэкlогъу мазэм ащэ, заом имашlо пэlохьэ. А лъэхъаным дзэм ухэтыныр лlыгъэшlапlэу щытыгъ, адыгэ кlалэхэмкlи ар ушэтыпlэшlугъ. Гъэсэныгъэу иlэр къыдалъыти, къалэу Харьков дзэ-политическэ училищэу дэтыгъэр къырагъэухыгъ. Къалэу Полтавэ агъакlуи, ротэм иполитрукэу къулыкъур ыхьызэ, Хэгъэгу зэошхор къежьагъ. Украинэм къибэнэгъэ пыидзэхэм псыхъоу Десна инэпкъхэм пхъашэу щапэуцужьыгъэхэм ахэтыгъ Фэдз икlэлэ пlугъэи. Ипшъэрылъ лlыгъэ хэлъэу ыгъэцакlэзэ, Аскэрбый тlоуцогъо хьылъэу къаулагъ. Арэу щытми, 1943-рэ илъэсым ибжыхьэ нэс дзэм хэтыгъ: киргиз къалэу Токмак дзэ частэу дэтыгъэм комсомолымкlэ икомитет ипэщагъ.

Фронтым lутызэ Беданэкъом И.В. Сталиным письмэ фитхыгъагъ: «Адыгэ народыр партием, Родинэм ыкlи пэщэшхом зэрафэшъыпкъэр, lофшlэныр шlу зылъэгъурэ а народым ичlыгу гупсэ щылэжьэным ифитыныгъэ lаримыгъэхынэу, пыим фэлэжьэгъэ нэбгырэ зырызхэм народыр атырамыгъэкlодэнэу зэрелъэlущтыгъэр, фашизмэм текlогъэным фэшl адыгэхэр апсэ зэремыблэжьыщтхэр».

Адыгэ кlалэм зэрихьэгъэ lофтхьабзэр бэмэ лlыгъэу фалъэгъугъ. Сыда пlомэ а лъэхъэнэ хьылъэм илъэпкъ къырыкlон ылъэкlыщтым ыгъэгумэкlэу И. В. Сталиным фитхыгъэ письмэм ежьри, иунагъуи кlодыпlэ ридзэнхэ зэрилъэкlыщтыр ымышlэу щытыгъэп, ау къэщтагъэп, къызэкlэкlуагъэп. Лlыгъэ хэлъэу зэрэзэуагъэм ишыхьатэуи Хэгъэгу зэошхом иорденэу апэрэ степень зиlэр ыкlи медальхэр мымакlэу Аскэрбый къыфагъэшъошагъэх.

Илъэс 26-м итэу зылъакъо шъобж ин телъэу къэкlожьыгъэ кlалэм зэрэчылэу фэгушlуагъ: мэкlэ дэдагъ ащыгъум псаоу къызыгъэзэжьыгъэр. Гурыт имыкъурэ якъоджэ еджапlэ идиректорэу lоф ышlэу ригъэжьэжьыгъ. Къуаджэм къырыкlощтыр еджапlэм бэкlэ зэрепхыгъэр дэгъоу къызыгурыlощтыгъэ Аскэрбый гухэлъышlухэр иlэхэу зы илъэсэ а lэнатlэм lутыгъ, заор зыщыкlорэ охътэ хьылъэм къоджэ еджапlэр lыгъыгъэошlоу щымытыгъэми.

Адыгэхэмкlэ тарихъ-мэхьанэ зиlэ хъугъэ-шlэгъэшху.

Ицlыкlугъом зыхэплъагъэу, къызхэтэджэгъэ щыlакlэм къыздихьыгъэ псэукlэ амалхэр арых нэужым Аскэрбый иlофшlэнкlэ къызфигъэфедэжьыгъэхэр. 1944-рэ илъэсым КПСС-м и Кощхьэблэ райком ар рагъэблагъэшъ, пропагандэмрэ агитациемрэкlэ иотдел ипэщэ lэнатlэ къыраты. Якъоджэ колхозым итхьаматэу 1950-рэ илъэсым хадзы. Илъэсищэ колхозыр зэрищагъэу райпотребсоюзым итхьаматэ игуадзэу агъэнафэ, етlанэ райисполкомым итхьамэтэ гуадзэ ашlы. 1954-рэ илъэсым Беданэкъор Теуцожь райисполкомым тхьэматэ фашlы. Ар илъэситlо ыгъэцэкlагъэу ярайон егъэзэжьы, райпотребсоюзым итхьаматэу lоф ешlэ. «Цlыф шъырытыгъ, шэн-зекlокlэ дахэ хэлъыгъ, ыlуагъэр ымыгъэцэкlэжьэу зыкlи хъугъэп, цlыфхэм лъытэныгъэ ин афыриlагъ, кадрэ ныбжьыкlэхэм якъыхэхын, япlун ишъыпкъэу ынаlэ атыригъэтыщтыгъ», - зыдэлэжьагъэхэм къаlожьыщтыгъэ.

1959-рэ илъэсым имэзае Аскэрбый икъуаджэ къыгъэзэжьын фаеу мэхъу. Лениным ыцlэ зыхьырэ колхозым ипащэу ятlонэрэу хадзы. Илъэсипшlэу ащ зытетыгъэр ары Беданэкъом ыцlэ чыжьэу зыlугъэр. Фэдзхэм натрыфыр зэрагъэбагъощтыгъэм икъэбар зэрэхэгъэгоу а лъэхъаным щаlуатэщтыгъэ. Колхозым ар бэу щашlэщтыгъ, къырахыжьыщтыгъэри багъэ. Ащ нэмыкlэу яхъоигъэх мэлхэри, шыхэри, чэмхэри, щагубзыухэри.

Аскэрбый итхьамэтэгъу уахътэ тефэу ары Фэдз къызыкlэкlогъагъэр КПСС-м и ЦК и Апэрэ секретарыгъэу, СССР-м и Министрэхэм я Совет и Тхьамэтагъэу Н. С. Хрущевыр. Ар адыгэ къуаджэм къэзыщагъэри натрыфыр ары. А мафэр, 1964-рэ илъэсым ишышъхьаlу мазэ и 7-р хъугъэшlэгъэшхоу адыгэхэм ятарихъ къыхэнагъ.

Беданэкъор зитхьамэтэгъэ илъэсипшlым къыкlоцl гъэхъагъэу колхозым ышlыгъэр макlэп. Ахэм лъытэныгъэри къыфахьыгъ: Лениным иорден къыфагъэшъошагъ, цыхьашхо фашlи, СССР-м и Апшъэрэ Совет идепутатэу хадзыгъ. Колхозым лэжьыгъэу къыщахьыжьырэм бэу зэрэхэхъуагъэм, натрыфыр зэрагъэбагъорэм афэгъэхьыгъэ тхылъ цlыкlоу «Орошение и экономика колхоза» цlэу зыфишlыгъэр Москва дэт тхылъ тедзапlэм 1965-рэ илъэсым ежь Беданэкъом къыщыдигъэкlыгъ.

Цlыфхэм къаlотэжьырэм узыхэдаlокlэ зы цlыф псыхьагъэ горэ, цlыф тэрэз горэ Фэдз къыдэхъухьагъэмэ, ар зэрэ Беданэкъо Аскъэрбыим уехъырэхъышэжьынэу щытыгъэп. Упэщэныр мыlэшlэхми, lэшъхьэтетым итеплъэ зэщымыгъэкъогъэныр къинми, къинэу телъыр цlыф горэми Аскэрбый ригъэшlагъэп. Ежь пае ищыlэныгъэ къыгъэшlагъэуи къыпщыхьурэп.

Аскэрбый бын дахи ыгъотыгъ: Ольга, Нурбый, Светлан, Мир, Тэмар. Янэятэхэр ящысэхэу, цlыфхэм лъытэныгъэ къафашlэу ахэр ящыlэныгъэ гъогу рэкlох.

Зэрэкъуаджэу ибэ хъугъэу къыщыхъугъ 1969-рэ илъэсым игъэмафэ Беданэкъо Аскэрбый игъонэмыс зэхъухум. Аскэрбый игуфэбэныгъэ лъымыlэсыгъэу, игукlэгъукlэ ымыгъэшlуагъэу, ицlыфыгъэкlэ ымыгъэлъэпlагъэу макlэ а уахътэм къыдэкlыгъэр.

Беданэкъо Аскэрбый ищыlэныгъэ пычыгъоу Фэдз щигъэкlуагъэм щыщэу тlэкlужъый ныlэп тэ къэтlотагъэр. СССР-м и Апшъэрэ Совет идепутатэу зыщэтым партийнэ lофышlэу Кощхьэблэ районым зесым, советскэ lофышlэу Теуцожь районым зыщэlэм, Хэгъэгу зэошхом зыхэтым лlыгъэ зекlуакlэу къыгъэлъэгъуагъэм, Фэдз чlыгум натрыфыр щыгъэбэгъогъэным ыкlи нэмыкl лъэныкъохэмкlэ ищыlэныгъэ къыхэфэгъэ хъугъэшlэгъабэм узахаплъэкlэ, иlахьыл гупсэхэм, икъоджэгъоу шlубэ зыфишlагъэхэм ягукъэкlыжьхэм зызыщыбгъэгъуазэкlэ зэфэхьысыжь ошlы джыри дунаим зэрэтетзэ шlоу ышlагъэмрэ дахэу ариlуагъэмрэкlэ уахътэм зэщимыгъэкъонэу ежь-ежьырэу саугъэт зэрэзыфигъэуцужьыгъэр.

**КIАРЭ Фатим.**



**Хрущёв Никитэ Хуэдз къуажэм щохьэщIэ. Абы бгъэдэтщ** *(ижьырабгъумкIэ етIуанэщ)* **Беданокъуэ Аскэрбий**. *1964 гъэ, шыщхьэуIум и 7*

## Адыгэхэм папщIэ жаIащ

**Абазэхэхэр лъагъугъуафIэхэщ: я нэхъыбэр лъагэхэщ, къуданхэщ, плIабгъуэхэщ, бгырыпхым щIикъузэ я бгыр псыгъуэщ, уеблэмэ жьыхуегъэзэкI хъуахэми пшэру зы цIыху яхэту слъэгъуакъым. Я щхьэцыр кIэщIыбзэу щIащэ, иныкъуэхэм яупс. ЖьакIэхэр ящ, щIалэхэм кIэщI дыдэу. НэхъыжьыIуэхэм нэхъ кIыхьу ягъэкI. Я нэкIу зэхэлъыкIэр гуакIуэщ, пэтIинэу закъуэтIакъуэххэщ яхэтыр. Нагъуэхэмрэ нащхъуэхэмрэ куэдщ, сырыхухэр мащIэ дыдэщ.**

ДЬЯЧКОВ-ТАРАСОВ Александр,
*кавказ лъэпкъхэм я тхыдэдж. 1904 гъэ*

ЖыфI здэщымыIэм щIэфIи щыIэкъым.

# Адыгэм къытхэкIа цIыхушхуэ

**РСФСР-м щIыхь зиIэ и юрист, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и Iуэхузехьэ Къалмыкъ Юрэ Урысейм и мызакъуэу, нэгъуэщI къэралхэми фIыуэ къыщацIыху. Ар цIэрыIуэ ищIащ къэрал лэжьакIуэшхуэу зэрыщытам. 1989 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм хагъэхьа нэужь, къэралым и политикэ гъащIэм жыджэру хэт хъуащ ар.**



**Картер-Центрым** *(США)* **щыIэщ Къалмыкъ Юрэ, абы и щхьэгъусэ Октябринэ, Картер Джимми, Къэзан Инал** *(щысырщ). 1993 гъэ*

КЪАЛМЫКЪЫР Черкесск къалэм дэт медучилищэм щеджащ, иужькIэ юрист IэщIагъэр нэхъ къыхихри, Ленинград дэт университетым абы щыхуеджащ. Университет нэужьым и щIыналъэм къигъэзэжри, Хьэбэз цIыхубэ хьэкумыщIэм и стажёру, иужькIэ судьяуэ лэжьащ.

И щIэныгъэм нэхъри хигъэхъуэну и мураду, ар Саратов дэт юридическэ институтым и аспирантурэм щIотIысхьэж. Абдеж къыщыщIедзэ Къалмыкъ Юрэ щIэныгъэм, къэрал, бэдаущ гъащIэм зэрыхыхьа япэ лъэбакъуэхэр.

Къалмыкъыр 1963 гъэм юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат, 1971 гъэм доктор мэхъу икIи граждан хуитыныгъэхэмкIэ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм хабжэу хуожьэ. ЩIэныгъэм зэрыхэлэжьыхьым къыдэкIуэу, ар егъэджакIуэу щолажьэ щеджа институтым. И ныбжьыр илъэс 34-рэ фIэкI мыхъуауэ адыгэ щIалэр япэщIыкIэ егъэджакIуэщ, итIанэ доцентщ, профессорщ, граждан хуитыныгъэхэмкIэ кафедрэм и унафэщIщ икIи и щIэныгъэкIэ, и лэжьыгъэкIэ къэралым и юрист лъэщхэм ябгъэдоувэ.

Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ монографиеу пщIым, щIэныгъэ тхыгъэу 200-м щIигъу. И лэжьыгъэфIыр къалъытэри, Къалмыкъ Юрэ къыфIащащ «РСФСР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэхэр, хахащ хъыбархэмрэ технологиемкIэ Дунейпсо академием и действительнэ члену. Политикэм хыхьа нэужьи зэпигъэуакъым и егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэр. Ар щIэх-щIэхыурэ къыщопсалъэ щIэныгъэ конференцхэм, зэIущIэ зэхуэмыдэхэм, лекцэ гъэщIэгъуэнхэми къоджэ. Абы и унафэм щIэту къыдокI тхылъитI. 1995 гъэм частнэ правэмкIэ Урысейпсо еджапIэ къыщызэрагъэпэщым, абы жыджэру дэлажьэу щIидзащ, иужькIэ и унафэщI ящIащ.

Къалмыкъ Юрэ Саратов щигъэкIуа илъэсхэм IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ. 1989 гъэм и лэжьэгъухэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатхэм я кандидату къагъэлъагъуэ. АпхуэдизкIэ цIыхушхуэхэр къыпэщытт, партым и обкомыр абыхэм я телъхьэу къэувати, куэдым я фIэщ хъуакъым Кавказым щыщ адыгэ щIалэр пхыкIыну. Ауэ хэхыныгъэхэм къагъэлъэгъуар гъэщIэгъуэнщ - цIыху къызэрыкIуэхэм я нэхъыбапIэм Iэ зыхуаIэтар Къалмыкъ Юрэт. Мис абдеж къыщыщIидзащ и къэрал, бэдаущ лэжьыгъэшхуэри.

ЦIыхубэ депутатхэм я съездым Юрэ щыхах СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм ХабзэхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу, итIанэ къыхуагъэфащэ и унафэщI IэнатIэр. А лъэхъэнэм къэралым къыщащта хабзэхэр зи IэрыкIыр Къалмыкъ Юрэщ.Нэхъ иужькIэ ар жыджэру яхэтащ Урысейм и КонституцэщIэр зыгъэхьэзырахэм. 1990 гъэхэм Къалмыкъ Юрэ УФ-м юстицэмкIэ и министрым и къуэдзэ, иужькIэ министр IэнатIэр дзыхь къыхуащI. Абы щыгъуэм ар хагъэхьащ УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым, къыфIащ юстицэм и къэрал чэнджэщэгъу цIэри. А лъэхъэнэм куэд хузэфIэкIащ Юрэ икIи и цIэр фIыкIэ жыжьэ игъэIуащ. АдэкIи фIы дыдэу лэжьэфынут, ауэ и IэнатIэмрэ къэралым къыщыхъу зэгурымыIуэныгъэхэмрэ зэтемыхуэ хъуащ. Урысейм и Конституцэм ебакъуэу Шэшэным зауэ иращIылIэну УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым унафэ къыщихьым, а унафэр Президентым щадищтэм, Къалмыкъ Юрэ и къулыкъум къытекIащ. А IэнатIэр къызэригъэнам Юрэ зэи хущIегъуэжакъым, лэжьапIэнши хъуакъым. Ауэ и цIэр дуней псом щызэщIалъысащ, шэшэнхэм, Кавказым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм къуэш яхуэхъуащ, пэжым и телъхьэ, мыхъумыщIагъэм пэувыф цIыхуу зэрыщытыр дэни къыщалъытащ.

Абы иужькIи къэрал, бэдаущ лэжьыгъэу игъэзэщIар мащIэкъым. И депутат пщэрылъхэри лъэныкъуэ иригъэзакъым. Абыхэм къадэкIуэу жылагъуэ гъащIэми зэрыхуэфащэкIэ хэлэжьыхьащ. Лэжьащ Къэбэрдей лъэпкъ конгрессым и унафэщIу, щытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Президенту. Къару мащIэкъым хилъхьар Кавказ Ищхъэрэм къыщыхъуа зэгурымыIуэныгъэр зэтес щIыжыным. Ар адыгэ нэст. Лъэпкъым зыгуэр хуищIэфыну ищIэмэ, жеинутэкъым, псэхунутэкъым.

**ЕЗАУЭ Маринэ.**

Адыгэхэм папщIэ жаIащ

**Къэбэрдей адыгэр узэрыIуплъэнкIэ пагэщ икIи къимыкIуэтыныфэщ; нэхъыбэр бланэщ, лъагэщ, нэгу зэлъыIухащ. ХьэщIэ хабзэкIэ и къару еблэжынукъым, зыгуэр иригъэблагъэрэ и жьауэ щIигъэувэмэ, абы зэмыплъэкIыжу и гъащIэкIи и IуэхукIи бысымым дзыхь хуищI хъунущ: зэи къепцIыжынукъым, бийми щихъумэнущ.**

КЛАПРОТ Юлиус,
*урыс академик.*
*1808 гъэ*



**Есчындар Мухьэдин Урысей Федерацэм и Президентым егъэлъапIэ.** *2016 гъэ*

# Хэкум и пащхьэ щиIэщ фIыщIэ

**Къэралым кърigъэза дзыхьыр игъэпэжу зи IэнатIэ пэрыт къулыкъущIэхэм ящыщщ экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-м и Правительствэм и нэIэ щIэту лажьэу Москва дэт Финанс университетым и ректор Есчындар Мухьэдин Абдурэхьмэн и къуэр.**

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ щыщ Беслъэней къуажэм и зы къуэпсщ Мухьэдин къызыхэкIа лъэпкъыр. 1951 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м Есчындархэ къахэхъуа щIалэр набдзэгубдзаплъэу, махуэ къэс щIэ гуэр къэщIэным хуэпабгъэу къэхъуащ. Курыт школыр фIы дыдэу къиуха нэужь, абы щIэныгъэм нэгъэсауэ зритри, къэралым и еджапIэшхуэ нэхъ цIэрыIуэхэм, аспирантурэхэм Iэзагъэ нэс щызригъэгъуэтащ.

Апхуэдэу, 1976 гъэм къиухащ Москва дэт финанс институтым и кредит-экономикэ къудамэр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм мы институт дыдэм и аспирантурэм щоджэ. 1981гъэм къыщыщIэдзауэ IэнатIэ зыбжанэ зэрихъуэкIащ Мухьэдин: институтым и кафедрэм и ассистенту, финанс-экономикэ къудамэм и деканым и къуэдзэу, егъэджакIуэ нэхъыжьу, кадрхэмкIэ къудамэм и унафэщIу, «Факультет международных экономических отношений» къудамэм и декану лэжьащ.

ИужькIэ Аден (Йемен) дэт университетым щылажьэ советскэ егъэджакIуэ гупым я унафэщIщ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкIэ проректорщ, дунейпсо экономикэмрэ валютэ кредит зэхущытыкIэхэмкIэ кафедрэм и профессорщ. 2002 - 2006 гъэхэм Урысей Федерацэм и Правительствэм и нэIэ щIэту лажьэ финанс академием и проректор пажэщ, 2006 гъэм къыщыщIэдзауэ ардыдэм и ректорщ. 2010 гъэм а еджапIэм и цIэр УФ-м и Правительствэм и нэIэ щIэту лажьэ финанс университету зэрахъуэкIащ.

ИгуэщIа лэжьыгъэм къыпэкIуэу Мухьэдин къыхуагъэфэщащ нагъыщэ куэд: «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр, «Урысей Федерацэм цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Урысей Федерацэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр, УФ-м и Президентым и саугъэтыр, къэралым и Правительствэм и саугъэтыр, «Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, Къалмыкъым, Ингушым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Бурятие, Адыгэ республикэхэм щIыхь зиIэ я щIэныгъэрылажьэщ.

**БЕМЫРЗЭ Зураб.**



**Артист цIэрыIуэ Акъ Мухьэрбэч**



**УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, физик Бэвыж Мухьэмэд**



**Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Аргун Iэбубэчыр (ПIатIэ)**



**Жылагъуэ лэжьакIуэ Уэхъутэ Александр**

ЩауэфIыр зэхэзекIуэмэ, цIэрыIуэщ.

# Лауреат Государственной премии

**Большую часть жизни - свыше сорока лет - посвятил научно-исследовательской работе в сфере чаеводства и субтропических культур уроженец аула Тхагапш города Сочи, заслуженный деятель науки Кубани, доктор сельскохозяйственных наук Маджид Тахирович Туов**

**Важную веху в своей биографии - 70-летие - Маджид Туов отметил на работе, в кругу коллег и друзей. Он и сегодня в строю, не сбавляет темпа: ветеран является главным научным сотрудником отдела субтропических и южных плодовых культур, членом Учёного Совета НИИ, заместителем председателя экспертно-методической комиссии. Сочинским Всероссийским научно-исследовательским институтом цветоводства и субтропических культур связана практически вся его научная жизнь. Здесь он начинал в 1967 году старшим техником отдела чая и субтропических культур, здесь добился главных своих побед. А их на счету известного ученого, признанного авторитета в своей области, предостаточно.**

МАДЖИД Туов родился в победном мае 1945-го. В тот же год неожиданно ушёл из жизни его отец, Тахир Закериевич, работавший бухгалтером в колхозе. Мать - Туова (Напсо) Кара Солоховна, колхозница, в одиночку воспитала пятерых детей. Четверо из них окончили вузы, получили высшее образование, стали юристами, педагогами и агрономами. Уже в юные годы Маджид твердо решил связать свою жизнь с сельским хозяйством. В 1964 году будущий учёный-селекционер, успешно окончив Майкопский сельхозтехникум, поступил на заочное отделение Кубанского сельхозинститута (ныне - КубГУ).

В феврале 1964 года Туов по распределению поехал в Чечено-Ингушскую АССР, работал бригадиром винсовхоза «Победа» в станице Ищерской, откуда был призван в ряды Вооруженных Сил. По окончании сержантской школы прослужил два года в ракетных войсках под Гомелем.

Через месяц после возвращения из армии Маджид Тахирович приступил к трудовой деятельности в НИИ горного цветоводства и субтропических культур города Сочи. Начинал старшим техником отдела чая и субтропических культур, продолжая заочную учёбу в вузе.

В 1973 году Туов написал дипломную работу на тему «Разработка перспективных способов размножения чая» под научным руководством известного учёного, доктора сельскохозяйственных наук, профессора Нуха Ахмедовича Тхагушева и защитил ее с отличием.



**С Владимиром Путиным**. *2004 год*

Через несколько месяцев Маджид Тахирович был переведён на должность младшего научного сотрудника, а в мае 1982 года избран на должность старшего научного сотрудника отдела чая и субтропических культур. Через два года Туов успешно защитил в Сухуме кандидатскую диссертацию по теме: «Разработка перспективных способов выращивания саженцев и закладка чайных плантаций в субтропиках Краснодарского края». В 1989 году. он был аттестован на должность ведущего научного сотрудника, а с 1991 по 2010 год работал заведующим отделом чая и субтропических культур.

В июне 1997-го Туов защитил в Краснодаре докторскую диссертацию по теме «Научные основы повышения качества и продуктивности чайных плантаций России».

В 1998 году наш земляк был избран членом-корреспондентом Адыгской (Черкесской) Международной Академии наук (АМАН). Маджид Туов имеет авторское свидетельство на изобретение и 13 рационализаторских предложений. Автор пяти сортов отечественного чая и двадцати перспективных клонов. Награжден медалями «20 лет Победы в Великой Отечественной войне», «Ветеран труда», серебряной и двумя бронзовыми медалями ВДНХ СССР, двумя золотыми и одной серебряной медалью ВВЦ. Ему принадлежит авторство более 90 научных работ по культуре чая.

В 2000 году вместе с группой учёных во главе с директором Сочинского института цветоводства и субтропических культур, ныне покойным Асланом Махмудовичем Сапиевым, за достигнутые успехи в области селекции чая Маджид Тахирович стал лауреатом Государственной премии РФ в области науки и техники. В 2006 году ему присвоено звание «Заслуженный деятель науки Кубани». В течение двух лет (2011 - 2013) Туов исполнял обязанности заместителя директора родного института по науке.

Много лет занимается наукой и супруга Маджида Тахировича - Марет Аисовна Коблева. Она кандидат педагогических наук, преподаватель английского языка. Проработав почти пятнадцать лет вместе с супругом в Сочинском институте цветоводства и субтропических культур, в последнее время Марет Аисовна является заведующей кафедрой общего языкознания и романо-германских языков в Сочинском филиале Российского государственного социального университета (РГСУ). Доцент и заместитель директора по учебно-воспитательной работе. Дочь Фатима - главный бухгалтер Сочинского филиала ОАО «Кубаньэнергосбыт».

Отметив большой юбилей в богатой трудовой биографии, Маджид Туов, не обращая внимания на возраст, продолжает много трудиться. Все эти годы знаменитый ученый-селекционер остаётся верен своим жизненным и научным принципам, вносит личный вклад в развитие родного института и укрепление славных традиций сочинской научной школы.

**Анзор НИБО**,
*главный редактор газеты «Шапсугия»*

# Человек-легенда

**Наш прославленный земляк - участник Великой Отечественной войны, кандидат исторических наук, ветеран педагогического труда Фазиль Айсович Напсо удостоен высшей награды Республики Адыгея - медали «Слава Адыгеи»**

**Он прошел длинный путь. Пережил трудное детство, войну, где был тяжело ранен, период мирного строительства. За его плечами огромный опыт и богатая на события трудовая биография. 99 лет жизни Фазиля Напсо - человека удивительнейшей судьбы - яркая, славная, но пока еще не написанная книга...**

В КОНЦЕ октября следующего года уроженец аула Большое Псеушхо Туапсинского района Фазиль Айсович Напсо готовится побить свой рекорд жизни. Он привык к трудностям и испытаниям, привык стойко переносить любые капризы судьбы - не жалуется. Человек-легенда, чья жизнь стала образцом для подражания - многие поколения земляков и учеников ветерана старательно «делали» свою жизнь с него. Педагог, политический и общественный деятель, выдающийся представитель научной и творческой интеллигенции Республики Адыгея - Фазиль Напсо смог реализоваться во многих областях деятельности, везде добиваясь глубокого уважения людей.

Начав трудовую деятельность учителем начальных классов в родном ауле, Фазиль Айсович много лет руководил школами в Шапсугии и Адыгее. Четыре года - с 1953 по 1957год - Напсо находился на ответственных партийных должностях в Адыгейском обкоме партии, ещё три года - заведующий областным отделом народного образования.

Почти 15 лет наш уважаемый земляк возглавлял Адыгейское педагогическое училище (ныне - Адыгейский педагогический колледж), 11 лет был директором Адыгейского республиканского института гуманитарных исследований (АРИГИ). Он успешно преподавал в Адыгейском государственном педагогическом институте (ныне - АГУ), занимался административной и научной работой, много сделал для развития образования в республике. Защитил кандидатскую диссертацию, награждён орденами и медалями, отмечен множеством Почётных грамот и благодарностей.

Ещё один важный период в жизни Фазиля Айсовича связан с Кабардино-Балкарией. В 1949 -1950 годы из-за болезни супруги, Сафет Мусовны Сизо (она тоже педагог с солидным стажем), семья Напсо была вынуждена переехать из Майкопа в село Нартан. Фазиль Айсович работал директором местной школы, Сафет Мусовна - учителем математики. Смена климата пошла супруге на пользу, она быстро поправила здоровье. Фазиль и Сафет вернулись в Адыгею, но любовь к Нартану, к маленькой сельской школе, сразу ставшей для них родной, к многочисленным ученикам, выросших в достойных и уважаемых людей, до сих пор живёт в их сердцах. На протяжении многих последующих лет Фазиль Айсович часто и с удовольствием приезжал из Майкопа в Нартан на встречи со своими воспитанниками, а педагогический коллектив образовательного учреждения до сих пор вспоминает его с особым теплом и трепетом.

Ещё один удивительный факт: супруги Напсо, посвятившие себя педагогике, живут вместе уже... более семидесяти лет! По стопам родителей пошла и дочь Аминет, доцент, многие годы преподававшая математику в Кабардино-Балкарском госуниверситете. Это дружная, достойная, во всех отношениях образцовая семья.

В знак признания заслуг Фазиля Айсовича Напсо, внёсшего большой личный вклад в развитие образования и науки Республики Адыгея, три года назад Государственный Совет - Хасэ Республики Адыгея



наградил прославленного ветерана Почётной Грамотой, а в начале июня 2015-го Глава Адыгеи Аслангерий Тхакушинов подписал Указ о награждении нашего земляка высшей наградой РА - медалью «Слава Адыгеи»!

И это, безусловно, заслуженно. С гордостью воспринял эту весть не только многочисленный род Напсо - все адыги Причерноморья. Пример Фазиля Айсовича Напсо и всего военного поколения - лучший нравственный ориентир для молодёжи. Не зря в народе говорят: быть педагогом, а также верой и правдой служить людям - высшее, самое важное призвание!

**Мурдин БОНИ.**

**Общество «Адыгэ Хасэ» и редакция газеты «Шапсугия» поздравляют уважаемого ветерана с наградой. Здоровья, долголетия, духовной стойкости и терпения вам, Фазиль Айсович!**

## Адыгэхэм папщIэ жаIащ

**Хабзэрэ фащэкIэ адыгэ лъэпкъ псоми щапхъэ зытрахыр къэбэрдейхэрщ - Сунжэ къыщыщIэдзауэ тенджыз Iуфэм нэс.**

ПОПКО
Николай,
*урыс щIэныгъэлI*

**Лъэпкъ дахэщ шэрджэсхэр, цIыху екIухэщ. Я цIыхухъухэр Iэчлъэчщ, къуэгъуэщ, къамылыфэщ, гуапэхэщ, я щхьэм пщIэ хуэзыщIыж защIэщ, уардэхэщ, плIабгъуэхэщ, бгы псыгъуэхэщ.**

КЛАПРОТ
*Генрих-Юлиус*
*(Германие).*
*1808 гъэ*

ФIыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыIуэщ.

# Лъэпкъым папщIэ псэу Нэхущ Iэдэм

**Адыгэхэр дызэрыин икIи дызэрыгушхуэ, лъэпкъ щIэныгъэм и купсэр, и фIыпIэр щызэхуэхьэса жылагъуэ зэгухьэныгъэщ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер. Ди лъэпкъыр ефIэкIуэным хуэгъэпса зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр епхащ щIэныгъэлI щэджащэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Нэхущ Iэдэм Мэрем и къуэм и цIэм. 1992 гъэм и шыщхьэуIум къызэрагъэпэща ЩIДАА-р зэрыщыIэрэ блэкIа зэманым къриубыдэу аращ абы и президентыр.**



НЭХУЩ Iэдэм 1938 гъэм Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ) адыгэ къуажэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиухри, абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ КъБКъУ-м и физико-математикэ къудамэм. А еджапIэ нэхъыщхьэм и диплом «плъыжьыр» и Iэрылъхьэу IэщIагъэлI ныбжьыщIэр IэнатIэ пэрыуващ. Зеикъуэ курыт школым егъэджакIуэу къыщыщIидзэри, и щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэ щыхигъэхъуащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием Новосибирск щиIэ Сыбыр къудамэм МатематикэмкIэ и институтым епха аспирантурэм. ИригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр зи лъабжьэ кандидат лэжьыгъэ игъэхьэзыращ Нэхущым икIи ар 1966 гъэм ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ. ЩIалэщIэм и мурадат щалъхуа и хэкум къигъэзэжыну, арщхьэкIэ академик цIэрыIуэхэу Лаврентьев Михаил, Соболев Сергей сымэ я лъэIукIэ ар къэнэжащ институтым икIи щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу лэжьэн щыщIидзащ.

Илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, 1971 гъэм, Нэхущым утыку ирихьащ трансзвуковой механикэмрэ аэродинамикэмрэ хэлъ Iуэхугъуэхэр зэпкърызых доктор диссертацэр. Абы пщIэшхуэ щиIауэ щытащ щIэныгъэ дунейм. Апхуэдэу и лэжьыгъэм нэсу хэгъуэза нэужь, езым и кафедрэ иIэжу Новосибирск къикIыжри щалъхуа щIыналъэм къэкIуэжащ хэкупсэр икIи Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым кафедрэ къыщызэIуихащ. Зэрылажьэм хуэдэурэ иджыри кафедритI къыщызэригъэпэщащ КъБКъУ-м, абыхэм я унафэщIуи щытащ.

КъБКъУ-м физикэмрэ математикэмкIэ къудамэм зыщиужьыным и гуащIэ куэд зэрыхилъхьам къыдэкIуэу, езым и институтхэри къызэригъэпэщыжащ. 1991 гъэм Нэхущым къызэIуихащ Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ институтыр, езыри абы и унафэщI хъуащ. А къулыкъум зэрытета илъэс 20-м щIигъум Iэдэм лэжьыгъэ купщIафIэ куэд зэфIихащ, институтым и лэжьакIуэхэри куэдым хунэсащ. Абы къыкIэлъыкIуащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер, Математикэмрэ нанотехнологиехэмкIэ институтыр.

- 1992 гъэм шыщхьэIум и 23-м адыгэ дунейм и тхыдэм къыщыхъуауэ щыта Iуэхугъуэм ди лъэпкъым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэнум илъэс 25-рэ ипэкIи шэч къытесхьэртэкъым. Адыгэхэм диIэ хъуат академие - ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академие. Ар фIыгъуэшхуэт, - жеIэ ЩIДАА-м и президент Нэхущ Iэдэм. - Къэзанокъуэ Жэбагъы, Нэгумэ Шорэ, Хъан-Джэрий, Къаз-Джэрий, Бырсей Умар, Черкасскэ пщыхэр, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, КIашэ Адэлджэрий, Къудащ Елбэздыкъуэ, Цей Ибрэхьим, Къатхъэн Назир, ЩоджэнцIыкIу Алий, Кубэ Шэбан, КIэрашэ Тембот, Уэхъутэ Абдулыхь сымэкIэ, адыгэм и цIэр жыжьэ зыгъэIуа нэгъуэщI еджагъэшхуэхэмкIэ, тхакIуэхэмкIэ, жылагъуэ, къэрал, политикэ лэжьакIуэшхуэхэмкIэ къулей ди лъэпкъым Iэмал имыIэу диIэн хуейт щIэныгъэ зэгухьэныгъэ. 90 гъэхэм я пэщIэдзэм зэгухьэныгъэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр къытрадзэу щытащ Академием и япэ газет «Насып» цIэр зыфIащам. ИпэжыпIэкIэ адыгэхэм ди дежкIэ насыпышхуэт куэдкIэ узыщыгугъ хъуну апхуэдэ щIэныгъэ зэгухьэныгъэ диIэ зэрыхъуар.

Iэдэм зи пашэ зэгухьэныгъэм абы лъандэрэ блэкIа илъэсхэм къриубыдэу лъэпкъ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэ куэд зэфIихащ. Псом япэращи, абы хузэфIэкIащ лъэпкъ гупсысэр, щIэныгъэр зы ищIын. Ар лъэпкъым ифI куэд къызыдэкIуэ Iуэхушхуэщ. ЩIэныгъэм и лъагапIэхэм нэсыфа ди цIыху щэджащэхэр, зыщыпсэу щIыпIэ емылъытауэ, зэрыцIыхуащ, я Iуэху зэбгъэдалъхьащ. Демократиемрэ интернационализмэмрэ зи лъабжьэ щIэныгъэ зэгухьэныгъэм, и цIэкIэ адыгэми, хэтщ мыадыгэ еджагъэшхуэхэр. Академием и мащIэкъым урыс, нэмыцэ, франджы, испан, инджылыз, хьэрып, журт, дагъыстэн, балъкъэр, къэрэшей лъэпкъхэм, Академием и Уставыр къэзыщтэ нэгъуэщIхэми къахэкIа щIэныгъэлIхэр. Хэкужьым сыт щыгъуи псэкIэ щIыгъуа ди лъэпкъэгъухэм я гугъэхэри, я мурадхэри, я зэфIэкIхэри зы зэращIыжам нэмыщI, адыгэ щIэныгъэлIхэм я ехъулIэныгъэхэр лъэпкъ щхьэхуэм и хъугъуэфIыгъуэ мыхъуу, дунейпсо щIэныгъэ мылъку хъуащ. ЩIДАА-м блэкIа илъэсхэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэми зыхунэса Iуэхугъуэшхуэми, шэч хэмылъу, и фIыщIэ ин хэлъщ зэгухьэныгъэм и пашэ, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Нэхущ Iэдэм. Ар зи унафэщI академием игъуэта зыужьыныгъэм къегъэлъагъуэ хэкупсэ цIыху гупым илъэс 25-рэ ипэкIэ утыку кърахьа Iуэхур нобэ лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ унэтIыныгъэ зэрыхъуар.

Хэкум, адыгэ лъэпкъым я пащхьэм щиIэ апхуэдэ фIыщIэхэм папщIэ Нэхущым мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ къэрал, жылагъуэ IэнатIэхэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, дамыгъэ лъапIэхэри къратащ. Апхуэдэу Iэдэм тIэунейрэ хъуащ КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат. Ар УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ, Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, щIэныгъэмрэ гъуазджэмкIэ Петровскэ академием, Абхъазым, Испанием щIэныгъэхэмкIэ я академиехэм хэтщ. Дунейпсо Арткомитетымрэ Жылагъуэ гулъытэмкIэ дунейпсо ассамблеемрэ 2007 гъэм Нэхущым къыфIащащ «Дунейм и цIыху-2007» цIэ лъагэр. Лъэпкъ щIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэхэм папщIэ УФ-м и Президентым и УнафэкIэ 2010 гъэм Нэхущ Iэдэм къратащ ЩIыхь орденыр.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# КъэхутакIуэ КIэрэф Къамболэт

**Ди республикэм и щIэныгъэлI пажэу, цIыху щыпкъэу щыта КIэрэф Къамболэт Наурыз и къуэр ящыщщ лъэпкъ зыужьыныгъэм зи акъыл, зэфIэкI, щIэныгъэ куэд езыхьэлIахэм. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм ар зэуащ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэм, нэгъуэщI фронт зэгухьэныгъэхэм хэту, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу.**



МАФIАЕ илъэсхэм иужькIэ Къамболэт щIэныгъэ-къэхутэныгъэ IэнатIэм пэрыхьэжащ. Ар жыджэру хэтащ зауэм зэхикъута цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным. Мыбдежым псом нэхърэ нэхъыщхьэр мэкъумэш лэжьыгъэхэр къызыхуэтыншэу зэтеублэжынырт. А къалэн гугъур 50 гъэхэм и пэм дзыхь къыхуащIауэ щытащ КIэрэфым, республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министру ягъэуври.

Ар я пашэу зэрагъэпэщыжауэ щытащ пхъэщхьэмыщхьэхэр, хадэхэкIхэр гъэкIыным елэжь щIэныгъэ IэнатIэхэр, псыщIэгъэлъадэм пыщIа станцэхэр. КIэрэфым къару куэд ирихьэлIащ ди щIыпIэм никъусаныгъэншэу къыщыхъуфыну Iэрысэ гуэдз лIэужьыгъуэхэр, узыфэхэм пэщIэтыф, гъавэ бэв къэзыт нартыху лъэпкъыгъуэхэр къэгъэкIыным. КъэкIыгъэщIэхэр къэгъэунэхуныр, абыхэм ехьэлIа къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыныр зи къалэн нэхъыщхьэ IэнатIи республикэм къыщызэригъэпэщат КIэрэфым.

ЩIэныгъэ куу, акъыл шэщIа зыбгъэдэлъ КIэрэфыр мыгувэу ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу. Абы къыкIэлъыкIуэу ар и пашэ хъуащ Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэу къалъытэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ЗэфIэкIышхуэ, гудзакъэ зиIэ щIэныгъэлI щыпкъэм мыбдежми зыкъигъэлъэгъуащ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ нэсу. КъызэрагъэпэщагъащIэ еджапIэ нэхъыщхьэр зыхуэныкъуэр IэщIагъэлIхэм и закъуэтэкъым, атIэ а иIэ егъэджакIуэ мащIэри зыхуейзыхуэфI куэдым хущыщIэрт. Абы къыхэкIыуи егъэджэныгъэр, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэр тэмэму зэтеубла хъуртэкъым. Iуэхур зыIутым фIыуэ щыгъуазэ зыхуищIа нэужь, КIэрэфым мурад ищIащ зэман кIэщIым къриубыдэу университетыр мылъку-техникэ лъабжьэ быдэкIэ къызэригъэпэщыну икIи ар зригъэхъулIащ. Къамболэт и фIыгъэкIэ нэхъ псынщIэу зэфIэкIауэ щытащ университетым и химико-биологие, тхыдэ-филологие, физико-математикэ факультетхэм, механизацэм, зауэ Iуэхухэм щыхурагъаджэ къудамэхэм я ухуэныгъэр. Апхуэдэу студентхэм папщIэ яухуауэ щытащ спорт пэшышхуэр, общежитхэр, тIысыпIэ 300 зиIэ шхапIэ иныр, библиотекэр, еджапIэ пэшхэр.

КIэрэфыр КъБКъУ-м и ректору щыщыта илъэсхэм абы апхуэдэу къыщызэIуахауэ щытащ щIалэгъуалэр ухуэныгъэм, промышленностым, мэкъумэш IэнатIэм епха IэщIагъэхэм щыхурагъаджэ, медицинэ факультетхэр. Псори зэхэту а лъэхъэнэм университетым къыщIигъэкIыу щытащ цIыхубэ хозяйствэм и унэтIыныгъэ 11-м щылэжьэф IэщIагъэлIхэр. Абыхэм я щIэныгъэм щыхагъэхъуэн, я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм щыхэплъэн папщIэ абы щыгъуэ КъБКъУ-м къыщызэрагъэпэщауэ щытащ кандидат диссертацэхэмкIэ совет щхьэхуэ. ЩIыпIэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэнымкIэ ар IэмалыфI хъуауэ щытащ.

Сыт хуэдэ IэнатIэ щыпэрыти, КIэрэфым зэи IэщIыб ищIакъым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. Абы къигъэщIащ къэкIыгъэ лIэужьыгъуэхэу «Кабардинец» (зэнтхъ), «Кабардинка» (гуэдз), «Кабардинская белая зубовидная», «Юбилейная-50» (нартыху лъэпкъыгъуэхэр) цIэрыIуэ щыхъуар ди республикэм и закъуэкъым, атIэ ди къэралым и щIыпIэ куэдми, хамэ щIыналъэхэми щытхъушхуэ щыхужаIащ. КIэрэфым республикэм къыщызэригъэпэща щIэныгъэ-къэхутэныгъэ IэнатIэм и цIэфIи дэнэкIи щыIуащ. Абы игъэхьэзыращ щIэныгъэхэм я кандидатрэ доктору цIыху 60-м щIигъу, и къалэмыпэм къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 400-м нэс.

КIэрэфым зэфIиха Iуэхушхуэхэр гулъытэншэу къэнакъым. И лэжьыгъэфIым папщIэ абы къыхуагъэфэщауэ щытащ СССР-м и къэрал дамыгъэ зыбжанэ, къратауэ щытащ РСФСР-м, КъБАССР-м я Совет Нэхъыщхьэхэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр, ВДНХ-м, ВСНХ-м я дыщэ, дыжьын медалхэр. Апхуэдэу щIэныгъэлI, ЩIДАА-м щIыхь зиIэ и академик, КъБКъУ-м профессор КIэрэф Къамболэт къыфIащауэ щытащ УФ-м, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, щIыхь зиIэ я агроном, КъБР-м щIыхь зиIэ и нартыхугъэкI цIэхэр.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

## Адыгэхэм папщIэ жаIащ

**Адыгэм и фащэ дахэр Шэрджэсым и гъунапкъэхэм щхьэдэхри, жыжьэ нэсащ. Адыгэхэр сыткIи къахэщырт я гъунэгъу лъэпкъхэм - я фащэкIи, я хабзэхэмкIи, я псэукIэкIи. Адыгэ фащэр Кавказ Ищхъэрэми къыщызэтенакъым, Кавказ щIыбми нэсащ... Къэзакъхэми щапхъэ яхуэхъуащ шэрджэсхэм я фащэр, я Iэщэр, я шы тесыкIэр, абыхэм ядэплъей зэпытащ.**

СТУДЕНЕЦКАЯ Еленэ.

**Къэбэрдейхэм, шапсыгъхэм, Псыжь адрыщI ис адрей адыгэ лъэпкъхэм я шуудзэм ебгъапщэ хъун зыщIыпIи щыслъэгъуакъым.**

ТОРНАУ Федор.

Хэку зимыIэм псори щIыIэ къыщохъу.

# 1260 Адыгэ махуэгъэпс


КъБАССР-м и УнафэщI Мэлбахъуэ Тимборэ *(1917-1999)*


КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий *(1941-2005)*


КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий *(1955)*


Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий *(1947)*


КъБР-м и етIуанэ Президент Къанокъуэ Арсен *(1957)*


УФ-м и Къэзыбж палатэм и УнафэщI Къэрмокъуэ Хьэчим *(1941)*


Адыгэ Республикэм и япэ Президент Джарым Аслъэн *(1939)*

## ЩЫШЫЛЭ
**Январь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| *Бл.* | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| *Гъу.* | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| *Бр.* | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| *Мху.* | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| *Мр.* | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| *Щб.* | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| *Тхь.* | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |

## Зыми зыхуагъэщхъакъым

Адыгэхэр лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Абыхэм я тхыдэр апхуэдизкIэ жыжьэ зоIэбэкIыжри, Китайм, Мысырым, Къэжэрым я гугъу умыщIмэ, адыгэхэм я блэкIам елъытауэ, дэтхэнэ зы хэкуми и гугъуу ящIхэр дыгъуасэрей хъыбарщ.

Адыгэхэр нэгъуэщI телъыджэ гуэркIи псоми къахощ: ахэр зэрыпхъуакIуэм и унафэ зэи щIэтакъым. ИкIуэтащ, къуакIэ-бгыкIэхэм зыщагъэпщкIуащ, къаруушхуэкIэ ираудыхащ, ауэ я хабзэхэм фIэлIыкIа мыхъумэ, зызыхуагъэщхъа къару щыIэкъым. Дызэрыт лъэхъэнэми ахэр я хабзэ зэрахьэжу, я нэхъыжьхэм я унафэ щIэту мэпсэу. Мы лъэпкъыр гъэщIэгъуэн зыщI Iуэхущ мыри: щIы хъурейм тет дэтхэнэ лъэпкъри и тхыдэ жыжьэм зэбгъэплъэкIыжмэ, адыгэхэм я закъуэщ щхьэхуиту зэрыщытам щыхьэт техъуэфу къахэкIынур.

БжыгъэкIэ куэд мыхъухэми, я щIыналъэм апхуэдизкIэ купщIэшхуэ ехъумэри, пасэрей цивилизацэхэм а лъэпкъыр фIы дыдэу щацIыху. Адыгэхэм я гугъу ящI Геродот, Флакк, Помпоний, Страбон, Плутарх сымэ хуэдэ тхакIуэ щэджащэхэм.

Илъэс минитIрэ щищым щIигъуауэ дунейм нэхъ лъэрызехьэу тета тепщэхэм щахъумэфа хуитыныгъэм и лIыхъужь пшыналъэщ абыхэм я IуэрыIуатэр, таурыхъхэр, хъыбарыжьхэр.

*«Глисон и сурэт журнал». Лондон, 1854 гъэ*

## МЭЛЫЖЬЫХЬ
**Апрель**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| *Бл.* | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| *Гъу.* | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| *Бр.* | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| *Мху.* | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| *Мр.* | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| *Щб.* | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| *Тхь.* | 3 | 10 | 17 | 24 | |


УФ-м и министр, ДАХ-м и япэ тхьэмадэ Къалмыкъ Юрий *(1934-1997)*


Адыгэ Республикэм и етIуанэ Президент Щэумэн Хьэзрэт *(1939)*

## МАЗАЕ
**Февраль**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| *Бл.* | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| *Гъу.* | 2 | 9 | 16 | 23 | |
| *Бр.* | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| *Мху.* | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| *Мр.* | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| *Щб.* | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| *Тхь.* | 7 | 14 | 21 | 28 | |

## НАКЪЫГЪЭ
**Май**

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| *Бл.* | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| *Гъу.* | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| *Бр.* | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| *Мху.* | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| *Мр.* | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| *Щб.* | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| *Тхь.* | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |


КъБР-м и Парламентым и Iэтащхьэ, ДАХ-м и еплIанэ тхьэмадэ Нэхущ Заурбий *(1943)*


Урыс пащтыхь гуащэ Идар Гуащэнэ *(1544-1569)*

## ГЪАТХЭПЭ
**Март**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| *Бл.* | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| *Гъу.* | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| *Бр.* | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| *Мху.* | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| *Мр.* | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| *Щб.* | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| *Тхь.* | 6 | 13 | 20 | 27 | |

## МЭКЪУАУЭГЪУЭ
**Июнь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| *Бл.* | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| *Гъу.* | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| *Бр.* | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| *Мху.* | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| *Мр.* | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| *Щб.* | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| *Тхь.* | 5 | 12 | 19 | 26 | |


Дунейпсо Адыгэ Хасэм и етIуанэ тхьэмадэ Щхьэлахъуэ Iэбубэчыр *(1929)*


Куржыпщ гуащэ Тэтэрхъан Русудан *(XVII-XVIII лIлI.)*


Мысыр пащтыхь гуащэ Наурзокъуэ Фаридэ *(XX лI.)*


Сулеймэн Езанэ тырку сулътIаным и япэ щхьэгъусэ Темрыкъуэ Махьидевран *(XV-XVI лIлI.)*


ДАХ-м и етхуанэ тхьэмадэ Дзэмыхь Къасболэт *(1957)*


ДАХ-м и еханэ тхьэмадэ Ажахъуэ Къанщобий *(1952)*


ДАХ-м и ещанэ тхьэмадэ Акъбащ Борис *(1932-2002)*

# Адыгэ махуэгъэпс 2016


Мысырымрэ Сириемрэ я сулътIан Бейбэрс Зэхьир *(1260-1277 гъгъ. - тепщэу щыщыта илъэсхэр)*


Мысырымрэ Сириемрэ я сулътIан Къанщауэ Гъур *(1501-1517 гъгъ. - тепщэу щыщыта илъэсхэр)*


Урысей Правительствэм и УнафэщI Черкасский Урыскъан *(1604-1666)*


Урысей Правительствэм и УнафэщI Черкасский Алексей *(1680-1742)*


Мысырым и Правительствэм и УнафэщI, усакIуэ цIэрыIуэ Наурзокъуэ Мыхьмуд *(1838-1904)*


СССР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Дэгужьий Виталий *(1935)*


Къэбэрдей пщы уэлий ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ *(1663-1715)*

## БАДЗЭУЭГЪУЭ
**Июль**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Гъу. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Бр. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Мху. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Щб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Тхь. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |

## ШЫЩХЬЭУIУ
**Август**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Гъу. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Бр. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Мху. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мр. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Щб. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Тхь. | 7 | 14 | 21 | 28 | |

## ФОКIАДЭ
**Сентябрь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Гъу. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Бр. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мху. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Щб. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Тхь. | 4 | 11 | 18 | 25 | |

# Тхыдэ пщалъэ

Илъэс минитIыр тхыдэ пщалъэщ,
Адыгэ лъэпкъри мыщIалэ,
Лъэпщ зи пкъыр жыру ипсыхьар
Бийм къыпикIуэту мыдзыхат,
Скифхэм, щэрмэтхэм, Чингиз- хъаным,
Уи лъахэр зауэкIэ щIагъанэрт,
Уи щIэблэр гуауэкIэ япсыхьт,
Уихьэнуми псым - зумыгъэзыхт,
Бзылъхугъэ дахэу уи Гуащэнэ
Пшэрыхь нэхъыфIыр зыхущанэт,
Уи Къэзанокъуэр фIым я лейт,
Псалъэ шэрыуэкIэ къулейт,
Бжыхьэл Лиуан е Алыджокъуэ,
Жанхъуэт Кушыку е ХьэтIохъущокъуэ -
Уи пщы уэлийти пашэ пхуэхъут,
Я теплъэм лIыгъэри и гъуэгут,
Хэт жиIэфынт имыIэу тхыбзэ,
Къэзызыгъэщlам адыгэ хабзэр?!
ЦIагъуэ Нурий е Хъан-Джэрий,
Нэгумэ Шорэ е Алий,
Борыкъуей ТIутIэ, Ахъмэтыкъуэр,
Къуэдзокъуэр, Къуэжей Сосрыкъуэ -
ЩIэныгъэр яхуэхъуати гъуазэ,
Абы я щIэблэри хуагъасэрт,
УсакIуэу, тхакIуэу уэ къыпщIэхъуэм
Я псалъэр псэут, я хъэтIыр щIагъуэт:
ПащIэ Бэчмырзэ, Агъынокъуэм,
Уи КIэрашэм, уи КIыщокъуэм
Я къалэмыпэр бийм Iуигуакъым,
Бийм я мурадри хуагъэгъуакъым,
ТхакIуэ пэрытхэм хаса жыгым
КъылъэIэсакъым ноби жыгъэр,
Теунэм, Шортэн Аскэрбий,
МэшбащIэм, Сокъур Мусэрбий,
Нало Заур, IутIыж Борис -
Ятхахэм ящIыр уи псэр щыз.
Къэжэр Индрис, Щауэжь Елмырзэ,
Уи Темыркъаныр, уи Бемырзэр
Адыгэ тхыдэм къыхэнэнщ.
Ди щIэблэм пажэу къахуэнэнщ.
... Илъэс минитIыр тхыдэ пщалъэщ,
Адыгэ лъэпкъри мыщIалэ,
Дунейм зи къуэпсыр текъухьам,
И жьэгу и мафIэр мыужьыха,
«Дыгъужь нэщIам» имыгъэдзыхэу,
И псэр и гъуазэмэ - адыгэщ.

ПЩЫУКI Латмир.

## ЖЭПУЭГЪУЭ
**Октябрь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 3 | 10 | 17 | 24 31 |
| Гъу. | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Бр. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Мху. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Мр. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Щб. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Тхь. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |

## ЩЭКIУЭГЪУЭ
**Ноябрь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Гъу. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Бр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мху. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Мр. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Щб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Тхь. | 6 | 13 | 20 | 27 | |

## ДЫГЪЭГЪАЗЭ
**Декабрь**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Гъу. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Бр. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мху. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Щб. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Тхь. | 4 | 11 | 18 | 25 | |


Тунисым и Меджлисым, Тыркум и Правительствэм я УнафэщI Лъашэ Хьердин *(1819-1890)*


Адыгейм, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ *(1931)*


Иордан Хьэшимит Правительствэм, Сенатым я УнафэщI Хьэвжокъуэ Сэхьид *(1906-1989)*


Дирижёр щэджащэ Темыркъан Юрий *(1938)*


Тырку Республикэм и Президентым и къалэнхэр зыгъэзэщIа, Меджлисым и Тхьэмадэ Хъунэжь (Чаглыянгил) Ихьсан *(1908-1993)*


**Догу (ГъукIэ) Яшар** *(1913-1961) (бэнэкIэ хуит), Лондон, 1948 гъэ ,XIV Олимпиадэ, дыщэ*


**Къаплъэн (Уащхъуэ) Хьэмид** *(1933-1976) (бэнэкIэ хуит), Мельбурн, 1956 гъэ, XVI Олимпиадэ, дыщэ*


**Аталай (Нагъуэ) Мыхьмуд** *(1934-2004) (бэнэкIэ хуит), Мехико, 1968 гъэ, XIX Олимпиадэ, дыщэ*


**Ахэмын Еленэ** *(1961) (волейбол), Мэзкуу, 1980 гъэ, XXII Олимпиадэ, дыщэ.*


**Чыржын Мухьэрбий** *(1949) (атлетикэ хьэлъэ), Мюнхен, 1972 гъэ, XX Олимпиадэ, дыщэ.*


**Махуэ Билал** *(1987) (бэнэкIэ хуит), Лондон, 2012 гъэ, XXX Олимпиадэ, жэз; щэнейрэ дунейпсо чемпион хъуащ*

# Илъэхъан ицIыфышхуагъ



**<u>АР-м инароднэ тхакIоу, шIэныгъэлэжь-нартоведэу, АМАН-м иакадемикэу ХьэдэгъэлIэ Аскэр Мыхьамодэ ыкъор къызыхъугъэр Iоныгъом илъэс 94-рэ мэхъу. Адыгеим имызакъоу, Кавказым ыкIи Урысыем, IэкIыб къэралхэу хэхэс адыгэхэр зыщыпсэухэрэм итворческэ лэжьыгъэкIэ А. ХьэдэгъалIэр щызэлъашIагъ. ЛIыхъужь эпосэу «Нартхэр» адыгэ лъэпкъым фиухъумагъ, ащкIэ лъэпкъ культурэр, анахьэу литературэ (фольклор) хъарзынэщыр лъэшэу ыгъэпытагъ ыкIи ыгъэбаигъ.</u>**

АСКЭР цIыфышIугъ. ИгъэпсыкIэшIыкIи, изекIокIэ-хабзи шапхъэ яIагъ, гъэцэкIэгъэ Iэдэбыгъ. Зыфэсакъыжь-зыфэгумэкIыжьэу ыкIи дэхэныгъэ-къэбзагъэм сыдигъокIи дэмышъхьахэу лъыкIоу,нарт шшыкIэу, цIыфхэм шIур афигъэбагъоу, акъыл-шIэныгъэкIэ зэдиштэу хьатырышIагъ. ШэнышIуагъ, гушIубзыугъ. Аскэр нахьыжъи нахьыкIи зэфэдэу шъхьэкIафэ апигъохыщтыгъ, упчIэжьэгъу зыпшIыкIэ, къыпфэгумэкIэу, хьалэлэу къыбедеIэщтыгъ, иIэ литературэмкIэ.

Тхыгъэ ыкIи нэмыкI шIэныгъэугъоигъэхэмкIэ ыкIи игупшысэкIэ зафэу къыотэщтыгъ.

Аскэр ежь иунэ исэу, икъалэ дэмыкIэу, къин хэмылъэу тхагъэп, наукэшхор зэпыригъэзагъэп: ахэхьагъ, ахэкIыгъ. Адыгэ хэкум ит къоджэ зэфэшъхьафыбэм ащыIагъ, IорIотэIо Iазэхэм аIукIагъ, Iоф адишIагъ, къаIозэ макIэп ытхыжьыгъэр. Адыгэм ылъапэ зынэсыгъэ хэгъэгубэмэ апэрэу ащыIэгъэ шIэныгъэлэжьышху; цIыф миныбжу зичIыгужъ зынэ къыфэгъэзэгъэгъэ тилъэпкъэгъухэм агухэм игущыIэ зафэкIэ гушIуагъор, шIошъхъуныгъэр арызылъхьэгъэ губзыгъ.

«Нартхэм ямашIо орэмыкIуасэ!» - зыфиIорэ джэпсалъэ Iэтыгъэр пстэуми апэу къэзышIыгъэр ХьэдэгъэлIэ Аскэр. Сыда пIомэ нартхэм яхъишъэкIэ ышIэн ылъэкIыщтэу, къыугупшысыщтэу ащ зыгорэ къыгъэнагъэп.

ТхэкIо-усакIоу, нартоведэу, шIэныгъэлэжьышхоу, академикэу ХьэдэгъэлIэ Аскэр илъэс 94-рэ узэкIэIэбэжьмэ, Iоныгъом и 20-м, 1922-рэ илъэсым тхакIор Красногвардейскэ районым ит къуаджэу Хьатикъуае къыщыхъугъ. Ытхыхэрэр 1940-рэ илъэсым къыщыублагъэу хиутыщтыгъэх. Усэхэр, поэмэхэр, усэ-повестхэр зыдэт тхылъыбэ (13) адыгабзэкIэ ыкIи урысыбзэкIэ (8) къыдигъэкIыгъ. Ахэм ащыщхэр нэмыкI лъэпкъыбзэхэмкIи зэрадзэкIыгъэх, усакIом игущыIэхэм арылъ орэдхэр тикомпозиторхэм усыгъэх.

Усэн-тхэным имызакъоу научнэ IофшIэгъэшхо Аскэр иI. 1945-рэ илъэсым къыщыублагъэу, опсэуфэ, гуманитар ушэтынхэмкIэ Адыгэ республикэ институтэу Т. КIэращэм ыцIэ зыхьырэм инаучнэ IофышIагъ, илъэсыбэрэ фольклорымкIэ иотдел ипэщагъ. Гуетныгъэ ин фыриIэу адыгэ нарт эпосым иугъоижьын, изэгъэзэфэн-зэхэфын ыкIи изэгъэшIэн адэлэжьагъ. Томибл хъурэ лIыхъужъ эпосэу «Нартхэр» (1968 - 1971) ыкIи эпосым фэгъэхьыгъэ тхылъхэр Москва, Мыекъуапэ къащыдигъэкIыгъэх. ЛIы гъэсагъэм иилъэсхэр, имафэ пэпчъ мы гупшысэм, тхэн зэпымычыжьымкIэ ушъэгъагъэх. Илъэпкъ фишIагъэр, фызэшIокIыгъэр бэдэд, ащ ишыхьатых щытхъуцIэ инхэу, къэралыгъо шIухьафтынхэу къыфагъэшъошагъэхэр.

ХьэдэгъэлIэ Аскэр адыгэ хъулъфыгъэм къытефэрэр зэкIэ ышIагъ, ыгъэцэкIагъ: чъыг ыгъэтIысыгъ, унэгъо дахэ ышIагъ, сабыйхэр ыпIугъ - пхъуитIурэ къуитIурэ (ыкъо нахьыжъэу Айтэч - шIэныгъэлэжьыгъ бэмышIэу идунай ыгъожьыгъ) ащ ыкъоу Нарт кIалэ хъугъэу, (ежь Аскэр цIэр зыфиусыгъэр), еджагъэу къылъэгъужьыгъ, пхъорэлъфхэми агъэгушхуагъ. Унэ шIыгъи иI, ар Аскэр икъоджэ кIасэу, охътабэ зыщигъакIощтыгъэ Хьатикъуай дэт. ЦIыф еджэгъэ-гъэсэгъэшхом, илъэпкъ гъунэнчъэу фэшъыпкъагъэм ар инэпэеплъ.

Лъэпкъым къыхэкIыгъэ цIыф цIэрыIо инэу ХьэдэгъэлIэ Аскэр сиамал къызэрихьэу шIукIэ сыкъытегущыIэзэ, анахь къыхэзгъэщымэ сшIоигъор ныбджэгъуныгъэ-цIыфыгъэу, гукъэбзэгъэ-хьалэлыгъэу хэлъыгъэр ары. Аскэр зекIоныр, зыплъыхьаныр икIэсагъ. ТхакIомкIэ, шIэныгъэлэжьымкIэ ахэр мэхьанэ зиIэх. Гупшысэр а зэкIэм къызэрагъэущырэр дэгъоу ышIэщтыгъ. Шапсыгъэр икIэсагъ. Ежь шапсыгъэхэми тхэкIо акъылышIо-губзыгъэр къызэрафэщагъэр ягуапэу зыхалъхьан щыIагъэп. Мыщ фэдэ зэIукIэгъу-зэхахьэхэм анах шъхьапэ хъурэ зэрэщымыIэм бгъуитIум гу лъатэщтыгъ. Шапсыгъэ щыщ нахьыжъ губзыгъэхэм, лIы Iуш инхэм, лIыхъужъхэм, лъэпкъ гумэкIыр зэхэзышIэу Iоф зышIэрэ кIэлэегъаджэхэм, IэзакIохэм, IэпэIасэхэм ар нэIуасэ афэхъугъагъ. Аскэр иамал къызэрихьэу хэти джэуапэгъу фэхъущтыгъ, жъи, кIи ыгъэгушхощтыгъ. Я XX-рэ лIэшIэгъум ыкIэм ХьэдэгъалIэм охътабэ Шапсыгъэ щегъакIо, щызэхащэрэ IофтхьтабзэхэмахэлажьэТыдэ щыIэ адыги ятарихъ лъапсэ ашIэным, нартхэр зилIэужыгъо лъэпкъыр агурыгъэIогъэным а зэкIэ фэлажьэщтыгъ. Мы лъэныкъомкIэ гъэзагъэу ежь Аскэри зэрилъэкIэу а уахътэм (къызыдырыгъаIэхэзэ) Iофышъо ешIэ. АщкIэ Шапсыгъэ щыриIэ ныбджэгъухэм лъэшэу яшIуагъэ къырагъэкIыгъ - Пшызэ шъолъыр изаслуженнэ журналистэу Хъущт Аслъан бай, зэлъашIэрэ кIэлэегъэджэ-этнографэу ЛIыф Хъалидэ. Ежь Аскэри ныбджэгъухэм афэзэфагъ, афэхьалэлыгъ.

ЛIыф Хъалидэ Къалэ ыкъор лIы еджэгъэ-гъэсэгъагъ, лIы дэгъугъ. Адыгэхэм якультурэ ышIэу ыкIи къыгъэгъунэу, зэлъашIэрэ этнографыгъ. Хъалидэ къуаджэу Тхьагъапшъэ щыщыгх, дэсыгъ ыкIи щагъэтIылъыжьыгъ (1926 - 1998). Хэгъэгу зэошхом илъэхъан илъэс 17 мыхъугъэу дзэ къулыкъум ащи, апэрэ зэо плъыр инэу «Голубая линия» зыфиIоу Пшызэ щыкIуагъэм хэлэжьагъ. Тамань шъхьафит зышIыжьыгъэ тидзэхэм ахэтыгъ, зэо лъэхъаным дзэ училищым агъакIуи, лейтенантыцIэр иIэу дэгъоу къыухыгъ. Советскэ дзэкъулыкъум 1954-м нэс хэтыгъ. Зэо ужым Краснодар дэтыгъэ кIэлэегъэджэ институтыр къыухыгъ, урысыбзэмрэ литературэмрэкIэ ыкIи тарихъымкIэ ПсышIопэ районым игурыт еджэпIэ зэфэшъхафхэм ыкIи къалэу Шъачэ ащыригъэджагъэх, ЛIыф Хъалидэ сыд Iоф фагъэзагъэми (заоми, нэмыкIыми), дэгъу дэдэу ыгъэцакIэщтыгъ. ЦIыф зафэу, хьалэлэу гъэпсыгъагъэ. ЦIыфышIугъ, цIыфхэр ыкIи природэр икIэсагъэх, ныбджэгъуныгъэм мэхьанэ ритыщтыгъ, тхэщтыгъ. Гъэзетхэу «Шапсугия», «Черноморская здравница» зыфиIохэрэм ытхыхэрэр къарыхьэщтыгъ. Ау ыкIуачIэ изэу, мурадыбэм зылъащэрэ ЛIыф Хъалидэ илъэс 72-м итэу идунай ыхъожьыгъ. ЗышIэщтыгъэхэм ар лъэшэу гу къеуагъ, ХьэдэгъалIэри ахэм ащыщыгъ.

Джащыгъум ХьэдэгъэлIэ Аскэррэ Хъущт Аслъанбыйрэ яшулъытэкIэ, яныбджэгъушIоу ЛIыф Хъалидэ ихудожественнэ тхыгъэхэр - повесть ыкIи рассказхэр зыдэт тхылъ зэдеIэжьхи, хэутыным фагъэхьазыри къыдагъэкIыгъ. «Прости меня, Родина» («ЕмыкIоу къысфэмылъэгъу, сихэку» адыгабзэкIэ зэреджагъэхэр), сурэтэу мы тхылъым дэтхэр зышIыгъэр Хьапыщт Айсэр ары. Шапсыгъэ Адыгэ Хасэм имылъку IэпыIэгъукIэ тхылъыр къыдагъэкIыгъ. Этнографэу, лъэпкъ фольклорым иугъоекIо инэу, Тхьагъапшъэ щыщ ЛIыф Хъалидэ Къалэ ыкъор къызыхъугъэр илъэс 75-рэ зэрэхъурэм ар фагъэшъошагъ. Тхылъым ижъырэ адыгэхэм ядунэететыкIагъэр, къэзыIотэрэ произведение зэфэшъхьафи 6 къыдэхьагъ, ахэр къаIуатэрэмкIи ягъэпсыкIэкIи куух, баих. ХьэдэгъалIэмрэ Хъущтымрэ яшIуагъэкIэ тхылъыр кыдигъэкIыгъ ежь авторыр зыщымыIэжь уж. Ауми адыгэ тарихъ лъапсэр зымыгъэкIодыщт тхылъэу къэнэжьы. ХьэдэгъэлIэ Аскэр ихьатыркIэ тхылъыр щыIэ хъугъэ. Ныбджэгъу шъыпкъэм епIожьын имыщыкIагъэу уилъэгъун ышIэн ыкIи зэшIуихын зэрилъэкIыщтым ар ищыс.

ХьэдэгъэлIэ Аскэр адыгэхэм ябгъэшIэжьынэу щымыт гъэсагъ, лъэхъаным ицIыфышху. СитхыгъэкIэ сэ анахь кIэзгъэтхъымэ сшIоигъуагъэр, тхэкIошхом, шIэныгъэлэжьышхом илIыгъэ-цIыфыгъэ зынэсыщтыгъэр - игъэпсыкIагъэр, игупшысэкIагъэр, ицIыфышIугъагъ ары. ЯлъапI ыкIи якIас ао илэгъу-ныбджэгъухэу, иIофшIэгъухэу, илъэс 60 Iэпэ-цыпэм зыхэтыгъэхэу АР-м гуманитар ушэтынэмкIэ институт иIофышIэхэм. СэгъэшIагъо творческэ кIочIэ ин Аскэр зэрэхэлъыгъэр, усэ-повестэу «Адыгэм ыпхъу» нахь ХьэдэгъалIэм ымытхыгъагъэми, икъущтыгъ. Ау Хэгъэгум, лъэпкъым, чIыгум, цIыфым, Адыгеим ичIыопс джэнэт ядахэ ыIоным, афэусэным Аскэр езэщыщтыгъэп, усэ тхылъыбэ къыдигъэкIыгъ. ШIэныгъэ хасэми лэжьыгъэшхо щыриI, цIыфыгъэ хабзэри зыкIи щыгъупшагъэп.

ИкIэсагъ Аскэр сабыйхэр, еджэкIо цIыкIухэр, ахэм бэ афитхыгъэр, дунаир мамырыным (заор ынэ зэрэкIэкIыгъэр мыгъуащэу) къыфаджэщтыгъ, чIыгур гъэбэжъулъэным кIэхъопсыщтыгъ. Ежь иуахътэ ымакъэ зэхихэу, илъэхъан зэхишIыкIэу ыкIи дыригъаштэу, ХьэдэгъэлIэ Аскэр шIур ылэжьыгъ, иилъэсхэр гъэшIэгъоных, баих, ышъхьэ закъо паеу щымытэу, лъэпкъым пае щыIагъ, Аскэр илъэхъан ицIыфышхуагъ.

**МАМЫРЫКЪО Нуриет.**



## Адыгэхэм папщIэ жаIащ

**Зэгъунэгъу адыгэхэр зэхуэгуапэщ, Европэ къуажэдэсхэм щапхъэ яхуэхъуфын хуэдэу, губгъуэ лэжьыгъэхэр гъунэгъу зыбжанэм зэдащIэ. Зы лъапсэ гуэрым мафIэс къыщыхъуамэ, Iэщым лей къытехьамэ, бий къатеуамэ, е лъэпкъым щыщ гуэр урысхэм Iэрыубыд ящIарэ къэщэхужын хуеймэ, гъунэгъухэм нэмыщI, жыжьэ дыдэ щыпсэухэри къокIуэ, ахэр мащIэмэ, зэрылIакъуэу зэгуохьэри, унагъуэм гузэвэгъуэр щхьэщах.**

ЛАПИНСКИЙ Теофил

Лlыхъужь и лъэужь кlуэдыркъым.

# ЩІэныгъэм и гуащэ

**Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик Бэчыжь Лейла и цІэр ди адыгэ щІыналъэми, нэгъуэщІ къэралхэми щыпсэу адыгэхэм фІыуэ ящІэ. Абы и щхьэусыгъуэр адыгэ ІуэрыІуатэмрэ литературэмрэ джынымкІэ, ди лъэпкъ усакІуэхэмрэ тхакІуэхэмрэ я ІэдакъэщІэкІхэр зэпкърыхынымкІэ, литературэ лэжьыгъэм зезытыну зи гугъэ щІэблэщІэр гъуэгу тэмэм тегъэхьэнымкІэ а бзылъхугъэм илэжьар зэрымымащІэрщ. А псори абы щІыхузэфІэкІар анэдэлъхуу иІэ зэчиймрэ сыт хуэдэ гугъуехь хуэмызами къимыкІуэту зригъэгъуэта щІэныгъэшхуэмрэщ.**

АДЫГЭ литературэм и тхыдэдж икІи критик цІэрыІуэ Къандур Мухьэдин и саугъэтым и лауреат Бэчыжь Лейла Ізбубэчыр и пхъур Хьэбэз районым щыщ ПсэукІэ-Дахэ къуажэм къыщалъхуащ. Черкесск дэт лъэпкъ еджапІэ-интернатыр къиуха нэужь, Лейла Ленинград къэрал университетым и филологие факультетым щеджащ. Абы щІэныгъэ нэхъыщхьэ щигъуэту къызэригъэззэжрэ Къэрэшей-Шэрджэс щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым щолажьэ, ІуэрыІуатэмрэ литературэмрэ я секцэм и унафэщІщ. Абы къыдэкІуэу, 1983 гъэм къыщыщІэдзауэ Къэрэшей-Шэрджэс пединститутым литературэмкІэ и кафедрэм и профессорщ, илъэс зыбжанэ хъуауэ КъШР-м и ТхакІуэхэм я союзым и тхьэмадэщ.

Бэчыжь Лейла и Іэдакъэм къыщІэкІыу япэ дыдэ дунейм къытехьауэ щытар «Шэрджэс литературэм и тхыдэм и напэкІуэцІхэр» зыфІища тхыгъэрщ.


Бэчыжь Лейла

Ауэ ар тхылъ щхьэхуэу къыдэкІын ипэкІэ, Лейла къыщигъэсэбэпауэ щытащ адыгэ литературэмрэ гъуазджэмрэ я махуэу 1957 гъэм Мэзкуу къалэм щекІуэкІам щищІа докладым. Университетыр къэзыухагъащІэ бзылъхугъэ ныбжьыщІэм ди литературэм теухуауэ абдеж къыщипсэлъам къыхэща щІэныгъэр, акъылыр, зэчиягъыр нэгъэсауэ гъэщІэгъуэн ящыхъуауэ икІи уасэшхуэ хуащІауэ щытащ урыс тхакІуэ цІэрыІуэхэу Михалков Сергейрэ Сартаков Сергейрэ.

НапэкІуэцІ плІыщІ хъу япэ тхылъ пІащІэ цІыкІур Бэчыжь Лейла угъурлыуэ къыхущІэкІащ, абыкІэ щІэныгъэм щыхиша лъагъуэ бгъузэращ иужькІэ еджагъэшхуэм и щІэныгъэ гъуэгу бгъуфІэм ар езышэлІар. 1962 гъэм къыщыщІэдзауэ дызэрыт лъэхъэнэм къэс Бэчыжьым ди литературэм и тхыдэмрэ ди тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІ тхыгъэхэмрэ ятеухуауэ лэжьыгъэшхуэ зыбжанэ итхащ икІи къыдигъэкІащ. Абыхэм ящыщщ: «Шэрджэс совет литературэр» (1964), «Адыгэ литературэм и прозаическэ жанрхэм я зыужьыкІэмрэ ахэр зытет лъэпкъ дахэгъэпс хабзэхэмрэ» (1972), «ЛІыхъужь эпосым къыщыщІэдзауэ романым нэгъунэ» (1974), «Псалъэм и жэуаплыгъэр» (1978), нэгъуэщІ куэди. Абыхэм нэмыщІ, Бэчыжьыр ящыщщ 80 гъэхэм Мэзкуу къыщыдэкІауэ щыта «Совет лъэпкъыбэ литературэм и тхыдэр» (томих хъууэ), «Совет романыр» тхылъхэр зытха еджагъэшхуэхэми.

Бэчыжь Лейла и гуащІэшхуэ хэлъщ Урыс-Кавказ зауэжьым и зэранкІэ къэрал щэ ныкъуэм щІигъум щикъуухьа хъуа ди лъэпкъэгъухэм къахэкІа тхакІуэ, усакІуэ цІэрыІуэхэм я творчествэр Хэкужьым щыпсэухэм ягъэцІыхуным хуэгъэзауэ ди щІэныгъэлІхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэ иным. Псалъэм папщІэ, Иорданием щыпсэу адыгэ тхакІуэшхуэ Къандур Мухьэдин и «Кавказ» роман-трилогиер къыщыдэкІам япэ дыдэ ар зэпкърызыхыу, рецензэ убгъуа ди къэралым къыщытрезыгъэдзахэм ящыщщ Бэчыжьыр. Апхуэдэу, хэхэсу псэу адыгэхэм ятеухуащ Лейла зыхэжаныхьу 1991 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Черкесск къалэм щрагъэкІуэкІауэ щыта «Кавказ лъэпкъхэм хамэщІхэм щаІэ щІэнхабзэр» щІэныгъэ конференцыр. Абы езы Бэчыжьри къыщыпсэлъащ икІи икъухьауэ псэу адыгэхэм къагъэщІ литературэм ди лъэпкъ ІуэрыІуатэр зэришхэпсым и гугъу ищІащ.

Бэчыжь Лейла къаруушхуэ трегъэкІуадэ адыгэ ІуэрыІуатэр зэхуэхьэсыжауэ къыдэгъэкІынми. Псалъэм папщІэ, гъусэ гуэрхэри иІэу абы къыдигъэкІыжащ апхуэдэ тхылъищ: «Дыгъэ, дыгъэ, къепс, къепс!» (1965), «Къру – къаз» (1970), «Адыгэ таурыхъхэр» (1974).

★ ★ ★

# Дер зэкъуэшхэр

**Адыгэ лъэпкъым къыхэкІа цІыху щыпкъэхэщ урысей къэрал политикэм хэта, къэрал ІуэхущІакІуэшхуэ Дер зэкъуэшхэр.**


Станислав


Вячеслав


Хьэжмурат

ЗЭКЪУЭШХЭМ я нэхъыжь Станислав къыдэгъуэгурыкІуа цІыхухэм ямыщхь, къызэрымыкІуэ ІэкІуэлъакІуагъ зыбгъэдэлъ ІуэхущІакІуэт, политик нэст, псэ хьэлэл зиІэт. ЖыпІэнурамэ, къызыхэкІа лъэпкъым щхьэузыхь зыхуищІыну сыт щыгъуи хьэзырт. Станислав хуэдэхэращ щІыжаІар: «Илъэсищэм кърипубыдэу зэщ апхуэдэ цІыху дунейм къызэрытехъуэр». И псэр хузэІухауэ адыгэм хуэлэжьащ, щыпкъагъ ин хэлъу хуэпсэуащ къызыхэкІа лъэпкъым, и псалъэм Іуэхур къыпэкІуэу дунейм тетащ.

1990 гъэ зэхэтхъуахэм хьэрычэт ІуэхумкІэ зи лъэ увын щІэзыдза Станислав акъылышхуэ зэрыбгъэдэлъам, ипэкІэ плъэфу зэрыщытам и щыхьэтщ зэфІигъэува, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа «Меркурий» фирмэр. ЦІыху мащІэ лэжьапІэ ІэнатІэкІэ къызэрагъэпэщакъым Станислав я пашэу, и къуэшхэри къыкъуэту къызэІуаха заводхэм.

Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ Станислав къыхуагъэфэщащ ещанэ нагъыщэ зиІэ «Орден Орла», «За духовное единение» медалыр, нэгъуэщІ дамыгъэ лъапІэхэри. Станислав и гъащІэр, и дуней тетыкІар, и Іуэху бгъэдыхьэкІэу, цІыху хэтыкІэу щытар къыхэщыжу 2007 гъэм, езыр дунейм зэрехыжрэ илъэс щрикъум, дунейм къытехьащ «Памятник первопроходцу» тхылъыр.

Станислав и гъащІэм увыпІэшхуэ щаубыдырт Къэрэшей-Шэрджэсым и жылагъуэ, политикэ Іуэхухэм. 1997 гъэм Черкесск къалэ администрацэм и Іэтащхьэ хъури, илъэсищым къриубыдэу къыумыцІыхужыну къалэм и теплъэм зригъэхъуэжат, цІыхухэм илъэс куэдкІэ ямылъэгъуа хуэгъэкІуэтэныгъэхэр яІэ хъужат. Республикэм, Черкесск къалэм щыпсэухэм ІуэхущІакІуэ емышыжым пщІэшхуэ зэрыхуащІым, фІыуэ зэралъагъум и щыхьэтт Станислав хуагъэфэща нагъыщэр - «Черкесск къалэм щІыхь зиІэ и цІыху» цІэ лъапІэр. Станислав республикэм нэхъыбэж хуищІащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым КъШР-м къыбгъэдэкІ сенатору щыщыІами.

Лъэпкъхэм яку политикэ зэпэщІэтыныгъэ къыщыдэхъуам Станислав и фІыщІэщ республикэм лъы зэрыщамыгъэжар, уеблэмэ Кавказ Ищхъэрэр щытыкІэ хьэлъэм зэримыувар. Дерым и псалъэм лъэпкъыр ебэкъуакъым: «Ди Стас жиІэр ди унафэщ!» - жаІэри. Абы къегъэлъагъуэ Дерым и псалъэм лъэпкъым дежкІэ иІа пщІэр. Лъэпкъым зыми пимыщІу иІа и Стас игъуэнэмысу и дунейр ахърэткІэ ихъуэжащ.

Къуэш нэхъыжьыр зыпэрыта ІуэхуфІхэм, ар зыхунэмысахэм пащэ Станислав и шынэхъыщІэхэу Вячеславрэ Хьэжмуратрэ. ЗэкъуэшитІым я гъащІэр епхащ «Меркурий», «Дервейс» фирмэхэм. Дэтхэнэми хэлъхьэныгъэшхуэ хуещІ адыгэм и зыужьыныгъэм, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэІузэпэщыныгъэр егъэфІэкІуэным.

Вячеслав Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым КъШР-м къыбгъэдэкІ сенатору илъэс бжыгъэкІэ хэтащ. Нобэ зыпэрыт лэжьыгъэм къыдэкІуэу, Вячеслав адыгэш лъэпкъыр къэгъэщІэрэщІэжыным йолэжь.

Хьэжмурат «Дервейс» фирмэр Урысейм, дунейпсо утыкум я лъагапІэ инхэм щыувыным хуолажьэ. Нобэрей зэманыр къапщтэмэ, зэкъуэшитІми я цІэхэр къыгуэпх мыхъуну епхащ псапэ щІэным, а Іуэхум мылъкушхуэ трагъэкІуадэ. ТІури цІыхухэр тыншыгъуэ яІэу псэуным, лъэпкъхэр зэгурыгъэІуэным къаруушхуэ езыхьэлІэщ.

Дер зэкъуэшхэу Станислави, Вячеслави, Хьэжмурати лъэпкъыпсэхэщ, хэткІи щапхъэщ, нобэрей щІэблэр зыдэплъеин цІыху щыпкъэхэщ.

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ.**


Бемырзэ Мухьэдин

# УсакІуэ уахътыншэ

**Бемырзэ Мухьэдин Хьэмид и къуэр адыгэ литературэм дыщэ хьэрфкІэ зи цІэр хэзытха цІыхущ. УсакІуэм и зэчийм и лъэщагъыр, и гупсысэм и кууагъыр сабийхэми балигъхэми я псэм гугъуехьыншэу нэзыхьэс псалъэ Іущ зэгъэщІэгъуафІэхэмкІэ гъэнщІащ. Зытепсэлъыхь Іуэхум ехьэлІа гупсысэр нэгъуэщІ жыІэгъуэ шэрыуэкІэ зэрызэпхъуэкІыжыфыну зы псалъэ закъуи къыхэбгъуэтэнукъым абы и усэхэм. Ар и щыхьэтщ усакІуэм и лъэпкъыбзэр къыхуэт щымыІэу зэрищІэм, усэ зэхэлъхьэкІэхэм я жыпхъэхэм нэхусауэ и усыгъэхэр игъэуvауэ зэрыщытым.**

МУХЬЭДИН къыщалъхуащ усакІуэ зэчиифІэ куэд ди лъэпкъым къезыта Хьэгъундыкъуей къуажэм. Бемырзэм иІащ щапхъэ хуэхъун, зыдэплъеин усакІуэ зэчиифІэ, лъэпкъым и къэкІуэным щхьэхуещагъэ лъэпкъ хэмылъу хуэлэжьа и анэш, сыт и лъэныкъуэкІи цІыху къабзэ АбытІэ Хъызыр. Мухьэдин емыкІу къэхьыным сыт и лъэныкъуэкІи зыщихъумэфу псэуа адыгэлІщ. Езым хэлъа щыпкъагъэр, гу къабзагъэр и бынхэми яхипщэн хузэфІэкІащ. УсакІуэ, егъэджакІуэ, гъэсакІуэ гъуэзэджэр 1997 гъэм Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэм я союзым хагъэхьащ. 1998 гъэм Къандур Мухьэдин игъэува дунейпсо саугъэтыр къыхуагъэфэщащ, Къэрэшей-Шэрджэсым щІыхь зиІэ и егъэджакІуэщ, КъШР-м и цІыхубэ усакІуэщ.

ЗэрыусакІуэм, егъэджакІуэм къыдэкІуэуи, Бемырзэр зэдзэкІакІуэ Іэзэт. «Уэрэду сиІэр уэрщ» тхылъым итщ Пушкиным, Есениным, Блок, Бодлер, Ахматовэм, Гамзатовым, Светлов сымэ я усэхэр, Мухьэдин адыгэбзэкІэ зэридзэкІауэ.

Бемырзэр и къару емыблэжу телэжьащ щІэблэр егъэджэнми гъэсэнми. Абы и гуащІэ ирихьэлІащ класс нэхъыжьхэм литературэр зэрыщаджыну программэхэмрэ тхылъхэмрэ зэхэлъхьэным. Апхуэдэу, курыт, класс нэхъыжьхэм литературэр зэрыщадж тхылъхэр и Іэдакъэ къыщІэкІащ Мухьэдин.

Си ныбжьэгъуфІ усакІуэр гъащІэ кІэщІ зыщІар цІыхугъэм хуигъэтІылъ гуащІэмрэ и лъэпкъым хухих гупсысэмрэщ. МылІэжын дунейм къытехьэркъым, ар хэти ещІэ, ауэ лІэкІэ Іэджи щыІэщ: щыІэщ и кхъащхьэм тралъхьа щІыр мыгъущыж щІыкІэ ящыгъупщэж, е, дыгъуасэ дунейм ехыжам хуэдэу, илъэсищэ бжыгъэкІэ лъэпкъыр зыхуэщыгъуэ. Сэ жызоІэ адыгэ лъэпкъыр дунейм тетыху Мухьэдин ящымыгъупщэну.

**ГЪУКІЭКЪУЛ Даут.**


ЩоджэнцIыкIу Алий

# Алий хухаха жьантIэр

**Дунейм тет лъэпкъхэм ящыщ зыгуэри «лъэпкъщ» къыхужаIэу нобэ къэсыну къыщIэкIынтэкъым зи ныбэрэ зи бохъшэрэ фIэкIа нэгъуэщI къызыфIэмыIуэху защIэу цIыхухэр къызэхэнатэмэ.**

ТХЬЭМ и шыкуркIэ, игъащIэми дунейм къытохъуэ, щIыр щытыхуи къытехъуэнущ, я щхьэ Iуэхухэр дах къудей мыхъуу, къызыхэкIа лъэпкъым, а лъэпкъыр къызэрыхъукIа щIыналъэм... абыхэм я закъуэ - дуней псом фIыуэ щыIэмкIэ яхуэхъуапсэ, зи гур ятеубгъуа, зи гъащIэр тыхь яхуэзыщI цIыху щэджащэхэр. Лъэпкъ нэщIысауэ къэплъытэ хъунуи къыщIэкIынукъым апхуэдэ цIыхухэмрэ Iуэхухэмкlэ дунейм, гъащIэм яхуэупсэфурэ къемыкIуэкI лъэпкъыр.

ИтIани, апхуэдэ цIыхухэми яхэтыжщ, Iуащхьэмахуэ дибгхэм къазэрыхэщым ещхьу, псоми къахэлъагъкI цIыху щэджащэхэр. Мис апхуэдэ лъагапIэщ ЩоджэнцIыкIу Алий адыгэ литературэм дежкIэ.

Литературэм зыгуэрхэр щызэбгъэпщэнщызэбгъэщхьыныр зыкъомкIи дзыхьщIыгъуэджэщ икIи нэхъыбэм деж ущызыгъаущ, ауэ ар Iэмал нэхъ къагъэсэбэпхэм ящыщщи, дэри мы зэм къыпэткIухынкъым. Аращи, зыкIи егъэлея хъуну ди гугъэкъым Урысейм и литературэм Пушкиныр зэрыхэтым хуэдэу, урыс дэтхэнэми ар къызэрыщыхъум хуэдэу, къызэрилъытэм ещхьу, ЩоджэнцIыкIу Алий ди литературэм и нэхъ жьантIэ дыдэр хуэфащэу къызэрылъагъэсар, дэтхэнэ адыгэми ар и Пушкину зэрыщытыр къыжытIэмэ.

Хьэуэ, дэ псалъэшхуэ тэфэтелэ зыфIэфIхэм дыхабжэну дыхуейкъым икIи жытIэркъым абыхэм къащIэна литературэ Iэужьхэр зэпэшачэу е зэшхуэзэесхэу. Апхуэдэпщ!ым, япэрауэ, жыжьэ унихьэсынукъым, адрейуэ, Алий хуэдэ цIыху пэжым, цIыху къабзэм и пщIэмрэ и щIыхьымрэ зыкIи зыхуэмыныкъуэщ ар. Ахэр зэщхь икIи зэшхуэзэес зыщIыр нэгъуэщIщ: къызэхэкIа лъэпкъхэм я деж щаIэ лъытэныгъэхэмкIэ, я гъащIэхэмрэ я гуащIэ къыдэкIахэмрэ а лъэпкъитIым я тхыдэхэм, я литературэхэм щаIэ мыхьэнэхэмкIэ, щаубыд щIыпIэхэр зыхуэдизымкIэ.

Тхьэм гъунэжу адыгэхэм къыдит, ди лъэпкъым, ди лъахэм я мызакъуэу, дуней псом зи цIэр щаIэтын, дэри дызэрылъэпIэн усакIуэшхуэхэр, ауэ абы щыгъуэми ЩоджэнцIыкIу Алий ищхьэкIэ къыщытхуэгъэувынIауэ къыщIэкIынукъым къэбэрдей литературэм, сыту жыпIэмэ лъэпкъым абы хухиха жьантIэр гъуэрыгъуэ шэнткъым, зэIэпах-зэIэпалъхьэхэм ящыщкъым - уэрыпIэуи куупIэуи ди литературэм иIэм, дяпэкIи (Тхьэм къабыл ищI) иIэнухэм къежьапIэ яхуэхъуа псынащхьэщ.

**IУТIЫЖ Борис,**
*КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.*
*Налшык, 2005 гъэ*

# Япэ бзылъхугъэ усакIуэ

**Балъкъэр Фоусэт япэкIи адыгэ цIыхубзхэм яхэтащ усыгъэм гу хуэзыщIахэр. Ауэ абыхэм ящыщу ди литературэм бжьыпэр щызыIыгъ зэпыту къекIуэкIар Балъкъэр Фоусэтщ.**

ШКОЛЫМ зэрыщIэсрэтхэн щIидзат абы, куэд еджэ, зи щIэныгъэм зэпымыууэ хэзыгъахъуэ хъыджэбз жыджэр цIыкIуэти, зыхуэпабгъэр къехъулIэрт. Фоусэт хьэкъыу пхыкIат фIыуэ еджэн зэрыхуейр. Аращ Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Кыщпэк 1925 гъэм къыщалъхуа Балъкъэр Фоусэт къуажэ школым классибл къыщиуха нэужь, Налшык къакIуэу педтехникумым щIыщIэтIысхьар. А зэреджэм хуэдэурэ, абы лэжьапIэ IэнатIэ зыбжани зэрихъуэкIащ. Ауэ, дэнэкIэ игъэзами, литературэр зэи IэщIыб ищIакъым. Абы и япэ усэхэр тхущI гъэм и пэхэм къытехуэу хуожьэ газетхэм, «Къэбэрдей» альманахым.

Фоусэт пасэу къыгурыIуат нэхъыфIу утхэн папщIэ уи щIэныгъэм хэгъэхъуэн зэрыхуейр. АдэкIи еджэн мурад ещIри, зэрылажьэм хуэдэурэ, ар щIотIысхьэ Налшык дэт пединститутым тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэм. Абы усыгъэм зэфIэкI зэрыщиIэр нэрылъагъу хъуати, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ ар 1957 гъэм щIагъэтIысхьэ Горький Максим и цIэкIэ Москва дэт Литературэ институтым.

А еджапIэм щыщIэса илъэсхэм (1957-1960) Фоусэт и творчествэм зыужьыныгъэшхуэ егъуэт. И усэхэр зэпымыууэ къыщытрадзэ Налшыки Москваи. И япэ тхылъыр («Нэхущ») 1958 гъэм къыдокI. Ар псыпэфIу къыщIокIри, абы и ужьым щIэх-щIэхыурэ кърокIуэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи дунейм къытехьэ и усыгъэ тхылъхэр. Абыхэм хуэфащэ пщIэ щагъуэт критикхэми, тхакIуэхэми, тхылъеджэхэми я деж.

Литературэм фIыуэ хэгъуазэ хъуа, лэжьыгъэ IэнатIэ зыпэрытахэми зи дуней еплъыкIэм зыщиужьа усакIуэм и художественнэ творчествэм зиузэщIурэ екIуэкIырти, зым и ужь зыр кIэщIу иту и тхыгъэхэр щыпIэ куэдым къыщытрадзэ.

Зи Iэдакъэм тхылъ щэщIым нэблагъэ къыщIэкIа усакIуэ Iэзэм хуэфащэ пщIэ щегъуэт гъащIэм: абы къыхуагъэфащэ СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и саугъэтри, щIыхь, щытхъу тхылъхэри, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри.

1959 гъэм СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьа, зи усыгъэхэр ди Хэкуми хамэ къэралхэми щызэрадзэкIыурэ бзэ куэдкIэ къытрадза Балъкъэр Фоусэт 1982 гъэм къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр.

2009 гъэм и накъыгъэ мазэм Фоусэт дунейм ехыжащ. Балъкъэрым лъэужь дахэ къыхинащ ди лъэпкъ литературэм.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**


Балъкъэр Фоусэт

**АДЫГЭБЗЭ**

**Адыгэ жьэгум и дэп**
**мыужьыхыу**
**Укъогъуэгурыкlуэ**
**адыгэбзэр.**
**Уэ анэ гуапэм и макъ**
**мыухыу**
**Дэ гъащIэу диIэм**
**утхуобзэрабзэ.**
**Ди сабий цIыкIухэм**
**урадыхьэшх макъщ уэ,**
**ЗэгуэкlуагъитIым**
**урауэрэд дахэщ.**
**Уэ ди Хэку лъапIэм**
**уриIэщ нэщэнэу.**
**Хамэм уэращ псом япэу**
**и нэм фIэнэр.**
**Уэ мо къурш псынэм**
**укъыдоIущащэ,**
**Мо жэнэт бзухэм**
**уадоубзэрабзэ.**
**КъыщоIу уи макъ**
**дахащэр ди бгыжьхэм,**
**Губгъуэм, гуэл щхъуантIэ**
**къабзэм.**
**Iущыгъэу лъэпкъым иIэм**
**урижылэщ.**
**Гъуэгуанэ тетхэм**
**гъуэмылэу уздащтэ.**
**АдыгэлI Iущхэм лъапIэу**
**уаIыгъщ уэ,**
**Бийм я нэхъ бзаджэр и**
**бзэмкIэ догъащтэ.**
**Ди лъэкIыныгъэм имыIэ**
**гъунапкъэ -**
**Адыгэ усэр бзууэ**
**уафэм итщ.**
**УзиIэщ сэри ныбжьэгъу**
**лъапIэу, -**
**Пхуэдэу схуэпэжи**
**дунейм зы темыт.**
**Упсэу уэ куэдрэ! Уэрщ**
**лъэпкъым и лъабжьэр!**
**Упсэу уэ куэдрэ! Уэ**
**дыбдэпсэунщ!**
**УдигуфIэгъуэщ, удиIэщ**
**набдзэу.**
**Упсэумэ, ди лъэпкъыр**
**псэунщ!**

# Бгышхуэхэм йолъэгэкI

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Тхьэгъэзит Зубер и усэхэр нэгъэсауэ, къызыхуэтыншэу зэдзэкIауэ щымытами, абы кавказ литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэщIэхэр гулъытэншэу къэнакъым.**


Тхьэгъэзит Зубер

УРЫС литературэм къыщагъэсэбэп мыпхуэдэ жыIэгъуэ: «Батюшковыр - Пушкин и щIалэгъуэ тхылъщ». Адыгэ усыгъэм ехьэлIауэ къапщтэмэ, шэч къытумыхьэу, «ЩоджэнцIыкIу Алий Тхьэгъэзит Зубер и щIалэгъуэ тхылъщ» жыпIэ хъунущ. Дэтхэнэ лъэпкъми и художественнэ литературэм зыщиIэткIэ зэ къыхуохуэ зыужьыныгъэм хуэунэтIа лъэбакъуэщIэ ин ичыну. Адыгэ литературэм а къалэн мытыншыр щызыгъэзэщIар ЩоджэнцIыкIу Алийщ, абыкIэ лъэпкъ IуэрыIуатэм и хъугъуэфIыгъуэхэм къыпищэу. Апхуэдэу зэфIэкI лъагэ къызэригъэлъэгъуэфар и фIыщIэщ ар ди узэщIакIуэ гъуэзэджэхэм я жьауэм зэрыщIэтами.

Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцIыкIу Алий хиса жылапхъэм куэдкIэ узыщыгугъыну къыкъуэжа къудамэщIэхэм ящыщ зыщ Тхьэгъэзит Зубер. ТхакIуэ Елгъэр Кашиф абы щхьэкIэ итхахэм къыхощыж, Зубер епщIанэ классыр къыщиухым, ЩоджэнцIыкIу Алий и дэтхэнэ поэмэми усэми гукIэ къеджэфу зэрыщытар. ЩоджэнцIыкIум и тхыгъэхэр Тхьэгъэзитым и творческэ къежьапIэм сэбэпышхуэ щыхуэхъужащ. Алий и щIэиным, ищхьэкIэ къызэрыхэщауэ, лъэпкъ литературэм зегъэужьыным унэтIыкIэщIэ иритащ, щхьэхуэу къапщтэмэ, ар епхьэлIэ хъунущ Тхьэгъэзит Зубер и гуащIэм и пэублэ Iыхьэм игъуэта гъэпсыкIэм. Аращ «Алий Зубер и щIалэгъуэ тхылъщ» щIыжытIэри.

Тхьэгъэзитым и усыгъэм увыпIэ нэхъыщхьэ щызыубыд лирикэм ущытепсэлъыхькIэ, езыр-езыру щыхьэт утохъуэ абы зыми емыщхь егъэлджакIуэ гумызагъэ КIуащ БетIал зэрыхуэхъуам. Ардыдэр къыхощ езы Зубер и критикэ тхыгъэхэми - ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, КIуащ БетIал сымэ я цIэр щызэкIэлъихькIэ. УсакIуэм и цIэр ябгъуримыгъэувэ, уеблэмэ абы емыгупсысыххэ щхьэкIэ, езырращ абыхэм къакIэлъыкIуэр.

Тхьэгъэзитым и усыгъэм гуауэшхуэ къытепсыхат КIуащ БетIал дунейм щехыжам щыгъуэ, абы унэтIыныгъэщIэ иригъэгъуэтащ Зубер и творчествэм. Урыс литературэм къыхэщыж нэгъуэщI зы Iуэхугъуи дигу къэдгъэкIыжынщи, Пушкин щылIам Лермонтов ар хэщIыныгъэшхуэу къыщыхъуат икIи «Смерть поэта» усэр итхыгъат. Абы къыдэунэхуауэ ялъытэ Лермонтов и зэчийр. Абы иумыгъэпщэнкIэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэт адыгэ литературэм а зэманым къыщыхъуар.

Къэбэрдей усыгъэм Тхьэгъэзитым и IэдакъэщIэкIхэм увыпIэшхуэ щаубыд. Абы и щыхьэтщ усакIуэ цIэрыIуэхэри критик лъэщхэри абы и творчествэм куэдрэ фIыкIэ къызэрыпэджэжар. Зубер и ныбжьу е нэхъыщIэу абы и лъэхъэнэгъухэм яхэткъым Тхьэгъэзитым и лэжьыгъэ купщIафIэр зыхэзымыщIа, абы и жьауэм къыщIэмыхъукIа. Арагъэнщ адыгэ усакIуэ гуащIафIэм и къалэн нэхъыщхьэр зыхэлъыр икIи апхуэдэ щIыхьыцIэ Тхьэгъэзит Зубер, шэч хэмылъу, къилэжьащ.

УсакIуэ жыджэрым и лирикэ лIыхъужьхэр зэхуэмыдэщ, зэкIужщ, зэхозагъэ, дэтхэнэ зыми хэмыгъуэщэжын лъэужь гъащIэм къытринэу.

Тхьэгъэзитыр Кавказым щыцIэрыIуэ усакIуэшхуэу зэрыщытыр жытIащ, ауэ абы и усыгъэр йолъэгэкI ди щIыналъэм и уэсылъэ бгышхуэхэм я нэхъ ин дыдэхэм, зи лъабжьэр и лъагагъым нэхърэ нэхъ кууүж къуршхэм. Тхьэгъэзитым и усыгъэм дунейпсо мыхьэнэ иIэщ.

**БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий,**
*тхыдэтх, тхакIуэ.*



КIыщокъуэ Алим

# Шу пашэ

**Ди тхыдэм уриплъэжмэ, зэман-зэманкIэрэ абы къыхэкIащ зи цIэр фIыкIэ жыжьэ нэса цIыху куэд. Абыхэм яхэтащ зауэлI хахуэхэмрэ дзэпщ IэкIуэлъакIуэхэмрэ, политик Iэззэхэмрэ хэкулI щыпкъэхэмрэ, лъэпкъыр фIым хуэзэным щIэбэн узэщIакIуэхэмрэ лъэпкъыбзэм и IэфIыр щIым и гулъым хуэдэу къэзыгъазэ усакIуэхэмрэ. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ КIыщокъуэ Пщымахуэ и къуэ Алими - усакIуэ икIи прозаик щэджащэр.**

КIЫЩОКЪУЭР 1914 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. 1926 гъэм Алим Бахъсэн дэт школ-интернатым щеджэну ягъакIуэ. Абы щыгъуэ Iустаз къыщыхуохъу Къэбэрдей псор зэрыгушхуэ усакIуэ телъыджэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ абы и ныбжьэгъуфI ЛIыгъур Ибрэхьимрэ. 1931 гъэм щегъэжьауэ Алим щоджэ Владикавказ дэт пединститутым, щIэныгъэ нэхъыщхьэ игъуэтауэ 1935 гъэм къокIуэжри, адыгэбзэрэ урысыбзэрэ иригъаджэу Налшык щолажьэ. ИужькIэ ар Москва макIуэ, аспирантурэм щеджэну. АрщхьэкIэ илъэс нэхъ дэмыкIыу къигъэзэжын хуей мэхъу. Езым зэритхыжымкIэ: «Унэм зым нэхърэ зыр нэхъ цIыкIуу шыпхъуитху щIэст. Ахэр егъэджэн хуейт. Си анэм и закъуэ абы пэлъэщынт? Езы унэ дызыщIэсри щIыбышэ хъуат, къэуэпэнкIэ уигъэшынэу... Къуэш нэхъыжьми дзэм къулыкъу щищIэрт. Арати, унагъуэ Iуэхум сыпэрыувэн хуей хъуащ».

1938 гъэм КIыщокъуэ Алим Налшык дэт щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым унафэщIу ягъэув. Мазэ бжыгъэ дэкIауэ абы къыIуашри дзэм ягъакIуэ.

1941 гъэм КIыщокъуэм и япэ усэ тхылъыр къыдокI, ауэ, Хэку зауэшхуэр къохъейри, а тхылъым щыгуфIыкIыну хунэмысауэ Алим фронтым Iуохьэ.

Япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ текIуэныгъэр къэтхьыху КIыщокъуэр псэемыблэжу зэуапIэм Iутащ. Ар щытащ ротэм и командиру, итIанэ 115-нэ шу дивизэм хагъэхьэ. Нэхъ иужькIэ, СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым зэрыхэтыр къалъытэри, ар «Сын Отечества» газетым къулыкъу щищIэну ягъакIуэ. Хэку зауэшхуэм Алим къикIыжащ майору, зэрихьа лIыгъэм къыпэкIуа орден, медаль зыбжанэ и бгъэм хэлъу.

Зауэм къикIыжу и унэ къигъэзэжа нэужьи, ар и псэм хэлъ литературэм и гур утIыпщауэ хуэлэжьэну хущIыхьэркъым: республикэр хуэныкъуэт зауэм зэтрикъутахэр къэзыIэтыжын цIыху щыпкъэхэм. А лъэхъэнэм КIыщокъуэр ягъэув Къэбэрдей АССР-м щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и наркому. Илъэс зытIущ докIри, ар къулыкъукIэ драгъэкIуэтей - партым и обкомым идеологиемкIэ и секретару хах. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм зыкъыдэбгъахуэу утхэну, дауи, тынштэкъым. ИтIани абы усэщIэхэр етх, тхылъи къыдегъэкI, зэрыхулъэкIкIэ къэрал-парт къулыкъумрэ творчествэмрэ зэдехь. 1950 гъэм Алим Москва макIуэ аспирантурэм щеджэну икIи а зэманым и Iэзагъымрэ щIэныгъэмрэ емызэшыжу хегъахъуэ, тхыдэм, бзэм, эстетикэм теухуауэ куэд зрегъащIэ, тхэнми нэхъ зретыж.

1953 гъэм КIыщокъуэр ди республикэм къашэжри, Министрхэм я Советым и тхьэмадэм и къуэдзэ ящI.

Шэч хэмылъу, зыIута IэнатIэхэм я фIыгъэкIэ, тхакIуэм гъащIэм нэхъыбэ хищIыкIи хъуащ, ар цIыху куэдми яIущIащ, абы куэди къилъэгъуащ. Ауэ литературэм зыкIи емыхьэлIа лэжьыгъэ хьэлъэм къаруушхуэ тригъэкIуадэрти, ар зэран хуэмыхъуу къанэртэкъым.

Алим тхэну Iэмал нэхъ щигъуэтар 1959 гъэм КъБССР-м и ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэу хаха нэужьщ. Пэжщ, а зэманым ирихьэлIэу КIыщокъуэм усэ тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIат, «Хъуэпсэгъуэ нур» романри и кIэм нигъэблэгъат. Апхуэдэу щытми, парт-къэрал къулыкъухэм къыпэрыкIа иужькIэщ адыгэ усакIуэшхуэм и зэчийм нэхъ зригъэшэщIыну къыщехъулIар.

ПIалъэ докIри, КIыщокъуэр СССР-м, РСФСР-м я ТхакIуэхэм я союзым и секретару хах икIи Москва щыпсэуну Iэпхъуэн хуей мэхъу.

1971 гъэм Алим ягъэув СССР-м и Литературэ фондым и тхьэмадэу. Абы а къулыкъу иныр зэрехьэ къэралышхуэр зэтезыгъэщэхэжа перестройкэм щIидзэху.

И псэр пытыху, зэрыжаIэу, Алим и гур творчествэм етауэ щытащ. Иужь илъэсхэм абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэу, прозэу тхыгъэ купщIафIэ куэд. И ныбжьыр илъэс 87-м иту 2001 гъэм щIышылэм и 29-м Алим дунейм ехыжащ.

Езым къигъэна и уэсятым ипкъ иткIэ, ар Москва къэрашыжри и къуажэкхъэм, и адэ-анэр, и къуэшыр зыщIэлъым, щыщIалъхьэжащ.

Зауэм лIыгъэу щызэрихьамрэ мамыр лэжьыгъэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIымрэ папщIэ Алим къэрал дамыгъэ куэд къыхуагъэфэщащ. Абыхэм яхэтщ Вагъуэ Плъыжь орденыр, Хэку зауэшхуэ орденым и I, II нагъыщэхэр, Октябрь Революцэм и орденыр, Ленин орденыр. 1964 гъэм КIыщокъуэм къыфIащащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ цIэ лъапIэр. Ар Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьщ. Апхуэдэу Алим къыхуагъэфэщащ Горький Максим и цIэкIэ щыIэ Къэрал саугъэтымрэ КъБР-м и Къэрал саугъэтымрэ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым, РСФСР-м, СССР-м я Совет Нэхъыщхьэхэм я цIыхубэ депутату зыбжанэрэ щытащ.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

# Псэм щыщ Iыхьэ

**Ар «сабий дыгъэкIэ» къызэджэрт. IутIыж Борис дэрэ дыщызэрыцIыхуам си ныбжьыр илъэс пщыкIублым иту арат, сабиифэ дыди стетт абы щыгъуэм. Арауэ къыщIэкIынт Борис гъэфIэныцIэ къысфIищыныр къызыхэкIари. Абы и цIэ лейр занщIэу къыскIэрыпщIащ, ар щыскIэрыхужари сщIэжыркъым, ауэ езы IутIыжыр псэуху апхуэдэу къызэджа сфIощIыж.**



IутIыж Борис

АБЫ ДЭРЭ зы фэтэр дызэдыщIэсащ а зэманым - Къэбэрдей уэрамым тет унэ лъахъшэ цIыкIухэм ящыщ зым дыщыпсэуащ. ДызыщIэс пэш цIыкIум куэд къыщызэхуэсырт - къеддеджэхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр. Литературэм дытепсэлъыхьырт, тхыгъэщIэ зытха къытхэтмэ, дыкъеджэрт. Нобэ сызыхуэзэш гуапагъэ гуэр щызекIуэрт абы щыгъуэм къызэдгъэпэщу щыта утыку цIыкIум, абдеж псэр хуиту «щыбауэрт».

Борис пщэдджыжь къэс, си зы сурэт ищIырти, унэ лъэгум къридзыхырт, сэри абы сесэжати, апхуэдэу щытын хуейуэ къысщыхъурт. СщIэркъым абы си сурэту ищIар здэкIуар. Ахэр бзэхащ, зыщIыпIэ лъэтэжа фIэкI умыщIэну. Илъэс куэд дэкIауэ абыхэм ящыщ зы-тIум IутIыжым и сурэтхэр щагъэлъагъуэм сыщыхуэзэжащ, а къызэрызэджэу щытар кIэщIэтхауэ. Сэ нэгъуэщI плIанэпэмкIэ згъэзащ. ГъэфIэныцIэм тIэкIуи сыщыукIытэжауэ, си Iэр си щхьэ къетхъухамкIэ кIуащ...

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Къэбэрдей уэрамымкIэ дыкъыдэкIуеижырт. Дызытепсэлъыхьым дыдихьэхауэ дыкъыздэкIуэм, ипщэкIэ уэрэд макъ къыщыIуащ, ар жызыIэ щIалэ гупри куэд мыщIэу къэтлъэгъуащ. ЖаIэр Борис и псалъэхэр зыщIэлъ, Къэбэрдей уэрамым теухуа уэрэдырт. ЩIалэ гупыр ди деж къэсри къэувыIащ. «Зэран фыкъытхуэхъуу ди уэрамым щхьэ фытет?», - жаIэри дахэ-дахэу къаймыдаIуэ урысыбзэмкIэ къытфIэнащ гу жану къытщыхъуа гупыр. IутIыжым зыри жимыIэу щытт, сыт щыгъуи хуэдэу пыгуфIыкIыу. Iуэхур кууу хъуну къыщысфIэщIым, Борис сеIущэщащ: «Мыбыхэм зыгуэр яжесIэ хъуну?» «Мыхэр адыгэщ», - жиIащ тхьэкIумэ жану къыщIэкIа зы щIалэм. «Дыадыгэ къудейкъым, - си гур къызэрыгъуэтыжащ сэ, - иджыпсту жыфIа уэрэдым и псалъэхэр зытхари мы си гъусэрщ, IутIыж Борисщ». ЩIалэхэм зэуэ дыкъаухъуреихьащ. «Уи паспортыр дыгъэлъагъу», - жиIащ зыгуэрым. Борис зэрыстудентымкIэ щыхьэт тхылъым фIэкIа имыIыгъыу къыщIэкIащ, ауэ ари ярикъуащ щIалэхэм жысIэр я фIэщ ирихъуну. Арати, си Борису плъагъур къащтэри, драдзейуэ щIадзэ. Мо щIалэшхуэр къаIэпыхунурэ зэгурагъэудынущ жызоIэри, согузавэ. Ерагъыу къаIэщIэсхыжащ. ДызыщIэс фэтэрым нэс дашэжащ щIалэхэм, адыгэбзи къыджаIащ, яхуэдгъэгъунуи къыдэлъэIуащ.

Уи щIалэгъуэм плъэгъуахэр нэхъ уигу къонэ. Сэри сщыгъупщэркъым а зэманым епха гъащIэ Iыхьэр. Борис абы увыпIэ щхьэхуэ щеубыд. Ауэ щIалэгъуэр блэлъэтащ, ди псэм щыщ Iыхьэ здихьу.

ИужькIэ илъэс куэдкIэ декIуэкIащ дызэпэIэщIэ хуэдэу щыту. СщIэркъым ар къызыхэкIар. Сэ абы итхыу хъуам сыкъеджэрт икIи егъэлеяуэ сыщыгуфIыкIырт, езыми псалъэ гуапэ куэд къызжиIэрт, ауэ ар мащIэIуэу зэрыщытар иджы къызгуроIуэж. Борис сэ гуапагъэу дэслъэгъуамкIэ абы и Iуэху зытетыр сымыщIэу зы махуэ сыпсэун хуеякъым...

IутIыж Борис ди литературэм хищIыхьам дяпэкIэ тхылъ Iэджи зэрытратхыхьынум сэ шэч къытесхьэркъым, ди лъэпкъыр щыIэху, абы и тхыгъэхэр зэрымыкIуэдыжынури фIыуэ сощIэ. Нобэ адыгэ лъэпкъым и IутIыжщ, ар езым фIыуэ къыгурымыIуэжми. Абы иIэщ IутIыж Борис и тхыгъэ щэджащэхэри, нэгъуэщI куэдым я IэдакъэщIэкI купщIафIэхэри. ДиIэр тхъумэжыфу, абы пщIэ хуэтщIыжыфу нэхъри зедгъэсэнырщ къытхуэнэжыр.

**АЦКЪАН Руслан,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат.*

## Адыгэхэм папщIэ жаIащ

**Шэрджэсхэр къуданщ, зэкIужщ, бгы псыгъуэщ. Я лъыр къабзэщ, нэ фIыцIэхэщ, набдзэ къурашэхэщ, псом хуэмыдэжу цIыхубзхэр: адыгэ пщащэхэр я дахагъкIэ къахощ дуней псом цIыхубзу тету хъуам.**

**Адыгэхэм яшхэр дахэ дыдэщ, жанщ, пIащэщ, пIащэми, Iэпкълъэпкъ зэкIужщ, езы шэрджэсхэми хуэдэу... ЦIыху нэжэгужэщ адыгэхэр, къыщыфэм деж лъапэкIэ хатIэ-хасэ - ар гугъущ, дауи, ауэ дахагъэщ.**

АСКОЛИ Эмиддио.
*(Италие). 1634 гъэ*

Бланэ щалъху йокIуэлIэж.

# Абы фIэкI зыми сыхуейкъым

**Тамбий БетIал Ахьмэд и къуэр 1933 гъэм и гъэмахуэкIэ мазэм Ботэщей (Малый Зеленчук) къуажэм къыщалъхуащ. Черкесск къалэм дэт интернатым щеджащ. ЩIалэ губзыгъэ цIыкIур пасэу итхьэкъуат адыгэбзэмрэ усэбзэмрэ.**

КУРЫТ щIэныгъэ зригъэгъуэта нэужь ар щIотIысхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым икIи ехъулIэныгъэ иIэу ар къеух. И щIэныгъэми хигъэхъуауэ, адыгэ литературэми фIы дыдэу щыгъуазэ хъуауэ абы къегъэзэж щалъхуа Шэрджэсым. Абы анэдэлъхубзэр щригъэджащ Хьэбэз, Жьакуэ къуажэхэм, Черкесск дэт педучилищэм. Илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ «Черкес пэж» газетым. Ауэ и гъащIэм и нэхъыбэр щигъэкIуар егъэджакIуэу здэщыIа Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутырщ. Иужьрей илъэсхэм щылэжьащ «Черкес хэку» газетым.

Сыт щыгъуэ зэмани, къалэмыр къызэрищтэрэ, Тамбийр нэхъыбэу зытетхыхьар лъагъуныгъэрщ, щIалэгъуалэрщ, къыщалъхуа щIыналъэрщ, адыгэ лъэпкъырщ. Газетхэм, журналхэм, сборник зэмылIэужьыгъуэхэм абы и усыгъэхэр традзащ 60 гъэхэм щыщIэдзауэ, тхылъ щхьэхуэхэри къыдигъэкIащ. Псалъэм папщIэ, Ставрополь тхылъ тедзапIэм 1968 гъэм къыщыдэкIащ абы и «Усэхэр», Черкесск къалэм 1974 гъэм «Ди гухэлъхэр», 1977 гъэм Ставрополь тхылъ тедзапIэм и Черкесск къудамэм «Зэманым дэхьуу», 1978 гъэм Черкесск къалэм «Тамбий БетIал и усэхэр» тхылъхэр.

БетIал и усэхэр гумрэ псэмрэ къабгъэдэкIыу тхащ, усакIуэм и псэм щигъафIэ гурылъхэр къытщимыбзыщIу сэтей къытхуещI, и дунейр къытхузэIуех. БетIал и IэдакъэщIэкIхэм укъоджэ узыIэпишэу, удихьэхыу. Апхуэдэщ абы и усэхэу «Псы цIыкIу», «Сэлам, уэрам!», «Сыхуэмейт нэхъыфI», «Гъатхэ пщэддыжь», «Дыщэ бзийхэр дыгъэм зэщIекъуэж», «Си гурыфIыгъуэ» жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм укъыщеджэкIэ хьэкъыпIэкIэ зыхыбощIэ усакIуэм и хэкум хуиIэ лъагъуныгъэм и инагъыр, ар абы зэрыригушхуэр. БетIал и усыгъэм и къэухьыр инщ, ар хуэгъэзащ ныбжьэгъугъэм, сабиигъуэм, лъагъуныгъэм, и мащIэкъым философскэ гупсысэхэр зыщIэлъ усэхэри.


Тамбий БетIал

Абыхэм усакIуэм щызэпешэч фIымрэ Iеймрэ, дахэмрэ къемызэгъымрэ, гуапэмрэ гуауэмрэ... Усыгъэм теухуа и IэрыкIхэри гъэщIэгъуэнщ. Абыхэм усакIуэм щыгъуазэ дыщещI и усэхэр гугъу дехьу къызеригъэщIам, зытетхыхь псори гукIэ зэригъэвым. Абы мурад ещI афIэкIа усэ имытхыжыну, арщхьэкIэ нэху мэщри, дуней дахэм псэр итхьэкъуу зыкъызэIуех, и Iэми езыр-езыру зыхуеший къалэмым, сыту жыпIэмэ, усакIуэм и дунейр и усыгъэрщ икIи мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ зыкъытхуегъэзэ, и хуэпэсапIэр сэтей къытхуищIу:

**Фщыремыхъу си усэр нэкIэпсыжи**
**Абы фIэкI сэ зыми сыхуэмей.**

# Зэрысабий лъандэрэ

**Мамхэгъ Иннэ зэрыцIыкIу лъандэрэ и гъащIэр сценэм пыщIащ. Ар «Самоцветы России» урысейпсо зэхьэзэхуэм и лауреатщ, «Серебряные голоса» дунейпсо зэхьэзэхуэм и Гран-при тыгъэр къызыхуагъэфэщащ. НэгъуэщI зэхьэзэхуэ, фестиваль зэхуэмыдэ куэдми Иннэ щытекIуауэ щытащ. А псори, и макъ жьгъыру дахэри, и утыку итыкIэ екIури гулъытэншэу къэнакъым: Иннэ нэхъ ныбжьыщIэ дыдэу Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и артисткэ хъуахэм ящыщщ. И ныбжьыр илъэс 11-м иту арат Мамхэгъым апхуэдэ пщIэ лъагэ къыщыхуащIам.**


Мамхэгъ Иннэ

ИННЭ сценэм щигъэIуащ уэрэд щитIым нэс. Абыхэм ящыщщ «Налмэсыр къофэ», «Истамбыл гъуэгу», «Си дахэкIей», «Уэзы Мурат», «Лашын и уэрэд», «Адыги на земле своей живут», нэгъуэщIхэри.

Мамхэгъ Иннэ къыщыхъуащ Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ, Iэдииху чэщанэм и лъабжьэм щIэс Хьэбэз (Къэсейхьэблэ) адыгэ къуажэжьым. Пщащэ цIыкIум зэрысабий лъандэрэ уэрэд жыIэныр фIэфIт. И шыпхъухэу Маринэрэ Наинэрэ и гъусэу я унагъуэм «концерт» щIэх-щIэхыурэ къыщызэрагъэпэщырт: уэрэд жаIэрт, усэхэм къеджэрт. Апхуэдэу щэнхабзэм гу хуэзэщIа зэшыпхъухэр «Молодая волна» зэхьэзэхуэм и лауреат хъуауэ щытащ.

Пщащэр нэхъ къыдэкIуэтея нэужь, ар дохутыр IэщIагъэм щIэхъуэпс хъуащ. Иннэ и шыпхъу нэхъыжь Маринэ фармацевтхэр щагъэхьэзыр академием щеджэрти, абы ехъуэпсащ. Ауэ Къэрэшей-Шэрджэс республикэ лицейр, Сидакъ СултIан и цIэр зезыхьэ музыкальнэ еджапIэр къиуха нэужь, Иннэ щIотIысхьэ Псыхуабэ къалэм бзэщIэныгъэхэм щыхурагъаджэу дэт къэрал университетым. Пщащэм къыхихащ инджылызыбзэр, бизнесыр кууэ щадж, къэрал къулыкъумрэ муниципальнэ управленэмкIэ факультетыр. Иннэ зэрыжиIэмкIэ, мы гъуэгур къыщIыхихам, и щхьэусыгъуэщ къызэгъэпэщыныгъэ и лъэныкъуэкIэ зэфIэкI иIэу къызэрилъытар.

Иннэ щолажьэ КъШР-м и IэтащхьэмрэПравительствэмрэ я Администрацэм. Лэжьыгъэ зэрикуэдым къыхэкIкIэ, макъамэм, уэрэд жыIэным зэман нэхъ мащIэ тригъэкIуадэ хъуащ. Арами, Иннэ концерт куэдым ирагъэблагъэ, езыми ар и гуапэщ. Псом хуэмыдэу, абы фIэфIщ адыгэ уэрэдыжьхэр. Пщащэм гукъинэж щыхъуащ Тыркум щита концертхэр: абы адыгэхэр куэду къеблагъэрт икIи и уэрэдхэм къыдежьурт. «Истамбыл гъуэгу» гъыбзэм ди лъэпкъэгъухэм я нэпсыр къежэхыу, щыту зэредэIуари щыгъупщэркъым абы.

Иннэ иропагэ ар адыгэ лъэпкъым къызэрыхэкIам икIи адыгэ пщащэ цIэ лъапIэм и пщIэм хуэфащэу щытыну пылъщ.

**ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ.**

# Псоми ягу къыпсэлъыкIырт

**1949 гъэм бжьыхьэпэ мазэм и 15-м Хьэбэз районым щыщ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ Пхъэш МуIэед Назир и къуэр. ЕджапIэм щыщIэса илъэсхэм абы зыкъигъэлъэгъуащ щIалэ гурыхуэу, набдзэгубдзаплъэу, фIы дыдэуи еджащ.**

МУIЭЕД тхылъкIэ нэхъуеиншэт, куэд щIиджыкIырт. Ахэр сэбэп къыхуэхъуащ и акъылым зиужьынымкIэ, и дуней еплъыкIэхэр япсыхьащ, гъащIэ гъуэгу къыхихыным лъабжьэ хуэхъуащ. Къыщалъхуа къуажэм и курыт еджапIэр ехъулIэныгъэхэр иIэу къиуха нэужь, ар щIотIысхьэ Ростов къэрал университетым и философие факультетым. ИлъэсиплIкIэ абы щеджа нэужь, ар щIотIысхьэж Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым. ИужькIэ щолажьэ адыгэ газетым, радиом, телевиденэм.

МуIэед литературэм езым и лъагъуэ щыхишыжащ, зыми емыщхьу, езым и хъэтI иIэжу тхэрти. Абы и усэхэм философскэ мыхьэнэ пыухыкIа щIэлъщ, хуабжьу узыгъэгупсысэщ, удэзыхьэхщ. ГъащIэм цIыхум мыхьэнэуэ щиIэр, цIыхум езым и дуней зэриIэжыр, а дунейр зыхуэдэн хуейр - ахэращ абы и усэхэм я тегъэщIапIэр.

ТхакIуэ АбытIэ Владимир мыпхуэдэу итхащ: «Куэд мыхъуми, МуIэед и усэхэм, новеллэхэм ущеджэкIэ, уолъагъу дызыхэпсыхьа зэман нэджэнэпщым ар хуэмыуцIэпIу къэна зырызхэм зэращыщыр». МуIэед хуабжьу цIыху гупцIанэт, гущIэгъулт, пэжым и телъхьэт. Ар щэху цIыкIуу къуагъым къуэсхэм ящыщтэкъым, гъащIэм и курыкупсэм, лъэпкъ Iуэхухэм я архъуанэ къиукъубеикIым, тхыдэм и напэкIуэцI дэтхэнэми зи лъэр нэзыхуст, гъащIэм зыщимыгъэнщIу жыджэру хэлэжьыхьырт. Абы щыхьэт тохъуэ мы усэ сатырхэр:

**Ар хъурэ уэших, щIэмытмэ**
**уафэгъуагъуэ?**
**Унащхьэм псы къежэхыу аркъудейщ.**


Пхъэш МуIэед

**Жыг тхьэмпэр хьейкIэ сэ**
**сымыгъэщIагъуэ –**
**ЩIэфиихьыжу жыбгъэщ**
**сызыхуейр!**

Пхъэшым лъэкI къигъэнакъым адыгэбзэр щIэблэм яIурылъхьэнымкIэ, абы зиужь зэпытурэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэнымкIэ. Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор БакIуу Хъанджэрий адыгэ усыгъэм и шыфэлIыфэм и гугъу ищIкIэрэ, мыпхуэдэу итхащ: «Зэман-зэманкIэрэ лирикэ усыгъэм зи псалъэ хэзылъхьа Пхъэш МуIэед и усэхэр зэрыгурыIуэгъуэмкIэ, гупсысэкIэ гъэнщIауэ зэрыщытымкIэ адрейхэм къащхьэщокI... Ар хущIокъу къиIуатэмрэ къызэриIуатэ щIыкIэмрэ къанэ щымыIэу зэрызэригъэкIуным. УсакIуэм хузэфIокI дунейм и къэхъукъащIэ теплъэгъуэр IупщIу дигъэлъагъуну. Апхуэдэщ абы и усэхэу «ЩIымахуэм и щэху», «Пщыхьэщхьэ», «Нэчыхьытх», нэгъуэщIхэри.

МуIэед и IэдакъэщIэкIахэр къытехуащ газетхэм, журналхэм. Апхуэдэщ 1980 гъэм «Ленин нур» газетым тета и усэ Iэрамэ «Иужьрей лъэIу» жыхуиIэр. 1982 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуа «СыIуумыхуж» усэ гупыр, нэгъуэщIхэри. 2003 гъэм Налшык и «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Гъуэгуанэ» зыфIища тхылъыр. И ныбжьэгъуу щыта усакIуэхэм, къыдэлэжьа журналистхэм МуIэед траухуа тхыгъэхэм мыпхуэдэ псалъэхэр щыхужаIащ: «Псэ узым гъыбзэкIэ еIэзэрт» (Зэубид А.), «Лъэужьышхуэ къигъэнащ» (Бемырзэ М.), «Ар псоми ягу къыпсэлъыкIырт» (Аслъэныкъуэ Л.), нэгъуэщI куэди.

## Адыгэхэм папщIэ жаIащ

**Шэрджэсхэм я лъахэр телъыджэщ, пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр щыкуэдыкIейщ, япсхэр къабзабзэщ, мэзыр я гъунэжщ. Хьэуар абы щыкъабзэ дыдэщ, зэгъщ. Шэрджэсхэр зэрылъэпкъ дахэр зи фIыщIэр арауэ солъытэ. Лъахэ дэгъуэ дыдэ зэрисымрэ гъэсэныгъэ тэмэм зэрахэлъымрэ лъабжьэ хуэхъуащ адыгэ лъэпкъым и дахагъэм.**

ФЕРРАН, *франджы дохутыр. 1702 гъэ*

Хэкум игъэгушхуэр хахуэ мэхъу.

# Адыгэ лъэпкъым и Iэпкълъэпкъ пщыкIутI

КIЫЩОКЪУЭ Алим

## Адыгэ Хэку

Хэкуу щыIэм уахэзмыбжэ,
Псалъэу уэстри согъэпэж.
Уипс семыфэу махуэ згъащIэм,
КъэзгъэщIахэм хэзмыбжэн.

Уи псы уэрхэр мажэ щхьэхьу,
Я Iуфитхыр напщIэм телъщ.
Гурылъ къабзэ усхуэхъуауэ
Нэм и нэхуу сэ си хэку.

Ухэкушхуэу жамыIами,
Гушхуэ хэкум уэ пкIуэцIылъщ.
Уи лъыр бийхэм хуамыгъэгъуу
Бын зэуахэм сахэтащ.

Зы жэщ-махуэ къытхуагуэшмэ,
Содэр жэщыр къыслъысам.
Махуэ бзыгъэр нэр дэджылу
Си хэку нэхум къыплъырес.



КIУАЩ БетIал

## Сыт сызыщышынэр?

Дыгъэфl махуи жэщ мазэгъуи
Сызыщышынэр зыщ:
«ИщIэгъа щыIакъым щIагъуи,
ЛIащ, дыхуэарэзыщ», -
СхужыпIэнырщ, си лъэпкъ мащIэ:
Ар си лIэн тIэунейщ.
Уэ умыщI Iумпэм си гуащIэр,
Сэ уэ сырыуейщ.



ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

## Адыгэ пшынэ

Адыгэ пшынэ,
Адыгэ пшынэ,
Си псэм ухэлъщ уэ, си гур пхуосакъ.
Лъэпкъыр кIуэдыну сфIощIри сошынэ,
Зэхэзмыхыжу щытмэ уи макъ.

Дыгъэр хуабэншэм -
Дыгъэжкъым.
Блэнщ ар мы щIыр кIэрэхъуэху.
Лъэпкъ макъамэншэр -
Лъэпкъыжкъым,
Псэу - IуащхьэмахуэIуащхьэмахуэ псэуху.

Насып къызетыр сэ уи уэрэдым, -
Си лъэпкъ гурыщIэм и бзэр уэращ.
Зы зэман гуэрым уэ усфIэкIуэдым -
Ди къыр пагэжьхэр бзагуэу къэнэнщ.

Уэ хьэгъуэлIыгъуэм ущыбзэрабзэм,
Ди Iуащхьэмахуи и бзэр къеутIыпщ.
Уэращ и анэр гурыщIэ къабзэм, -
Еуэ уджпыхум хъухукIэ нэхущ.

Уэ уи макъамэр нэIусмэ уафэм,
Вагъуэ нэгъунэ ящI ислъэмей.
Ди дыгъэр блэхукIэ еуэ уи къафэм, -
Уэрыншэу гъащIэ сэ сыхуэмей.

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

## Цей

Адыгэ цейуэ, цей гъуапэхуу,
Къуршыщхьэ уэс чэсейр зи теплъэ,
Шууей ныбжьыщIэр уогъэгушхуэ,
Ущыгъщи, и лъыр зэщIэбгъаплъэу.

Уи кIэкъуащIитIри бзу дамэу
ШэщIащ, шыгъажэм ухыхьамэ,
Дахагъэ щапхъэм уримардэщ,
Жьы жэрми ухузогъадэ.

Пщыхьэщхьэ пшэплъым, нэхущ пшэплъым
УхабзыкIауэ арагъэнщ,
ЩIэптхьэкъур хэтми, зэ къыптеплъэр,
Къохъуапсэу узыщитIэгъэн.

Хьэзыр пщыкIутIри загъэуардэу,
Щхьэж къэс иIэжу и къалэн,
Вагъуэ пщыкIутIу бгъэм щолыдыр,
Хъыбарыжь куэд хуахъумэу тхыдэм.

Уи дыпIэхэр къурш лъагъуэ хужьхэу,
ДэкIуей-къехыжу птонэхукI,
Нартыжь пэлъытэу ди лIыхъужьхэм
Урашугъусэу укъокIуэкI.

ЗищIысыр бгъэунэхуащ гъэрыпIэр,
ГуфIэгъуи гуауи зэбнэкIащ,
Щхьэхуитыныгъэм нэхъ бгъэлъапIэ
ЩымыIэуи укъекIуэкIащ.

КъыщодэхащIи акъужь мащIэр,
КъыщыпкIэрихми гынымэ,
КъыптелъэщIыхьурэ бын папщIэу,
Уихуакъым игу адыгэ анэм.

Адыгэ цейуэ, цей гъуапэхуу,
Къуршыщхьэ уэс чэсейр зи теплъэ,
Шууей ныбжьыщIэр уогъэгушхуэ,
Ущыгъщи, и лъыр зэщIэбгъаплъэу.

Уи кIэкъуащIитIри бзу дамэу
ШэщIащ, шыгъажэм ухыхьамэ,
Дахагъэ щапхъэм уримардэщ,
Жьы жэрми ухузогъадэ.

Ди хъыбарыжьхэм, уэрэдыжьхэм
Я Iущагъ нурыр уэ къыпхопс.
Сэ усхуадами ди нэхъыжьхэм,
Кавказ лъэпкъ псоми хъуащ уекIупс.



БЕМЫРЗЭ Мухьэдин

## ЛъэIу

Адыгэ лъэпкъым и Iэпкълъэпкъ пщыкIутI -
Адыгэ анэм и зэш бын гъуэззэжь,
Фэ адэжь хэкум вагъуэу фыщылыдт,
Фыкъэзылъагъухэр къывэхъуапсэу зэкIэ.
Натхъуэджыр, беслъэнейр, еджэрыкъуейр,
Жанейр, мэхъуэшыр, хьэтыкъуейр, шапсыгъыр,
ИтIанэ абэдзэхэр, къэбэрдейр,
Адэмей лIакъуэр, кIэмыргуейр, бжьэдыгъур.
Кавказым и дахапIэр фэ фи хэкут,
ЩIыгулъым я нэхъ бейр фи хьэсэ щIапIэт,
Къэрал зэмыщхьэм къыфхухашу гъуэгу,
Фи тенджыз Iуфэр яIэт кхъухьтедзапIэу.
Иджы фэ дуней псом фыщикъухьащ...
Фэрыншэу нэщхъеялэщ чэщей мэзхэр,
Фэрыншэу, уэгум вагъуэ щипхъыхьар
Мэкъуауэ бадзэу, мафIэ нэпцIкIэ мэсхэр.
Адыгэ лъэпкъым и лIакъуэ пщыкIутI,
Iэпкълъэпкъыу цIыхум фэ фхуэдизщи иIэр,
Зыгуэр фыхэщIу и гур ивмыуд
Фи псэуныгъэр гурыфIыгъуэу зиIэм.

ПСЫХЭМЫХЬЭ Мусэ

## Си адыгэ

Уи тхыдэр гуауэщ, си адыгэ,
Уи лIыгъэр уардэщ, си лъэпкъ Iущ.
СыщIапIыкIащ сэ уи цIыхугъэм,
Си гъуазэщ нобикI нарт Амыщ.
Си гъуазэщ нобикI, фIыр зи гугъэу,
Зи пщIэнтIэпс къабзэкIэ псэужыр.
Си гъуазэщ нобикI ди бзылъхугъэу
Зи Iэпкълъэпкъ дахэкIэ зэкIужыр.
Iэт лъагэу уи щхьэр, си адыгэ,
Ар хъуакъым зэикI екIурэхауэ,
ЯхуэукIакъым уэ уи лIыгъэр,
ХэкIэкхъуэкIагъэ къыуахами.
Биишэм уи бгъэр пхрихами,
ЗыбгъэцIыкIуакъым, убгырысти,
Нэмысыншагъэ къыуахами,
ЯхуэукIакъым уи нэмысыр.
Iэт лъагэу уи щхьэр, си адыгэ,
Ар хъуакъым зэикI екIурэхауэ,
Къопс нобэ хуиту уэ уи дыгъэр,
ГугъапIэ нэхухэр пхухихауэ.
Мис а гугъапIэр нахуэ хъуауэ
Сыхуейщ гуфIэгъуэм сыхэтыну,
Си лъэпкъ и бынхэр зы хъужауэ
Утыкур хуиту яубыдыну.
Сыхуейщ адыгэр зэрыпагэу
И нэмыс дахэм зиубгъуну,
Сыхуейщ нэхъыжьхэм я щIыхь лъагэр
Си лъэпкъ дамыгъэу ялъагъуну.
Сыхуейщ адыгэм и Iущагъыр
ЩIэблэщIэм гъуазэ хуэхъужыну,
Сыхуейщ бзылъхугъэм и дахагъыр
Бын зэрипIыфкIэ къапщыжыну.
Ди Тхьэшхуэ, хъунумэ, солъэIур
А псор си лъэпкъым къептыжыну.



АФIЭУНЭ Лиуан

## Зэ уадыгэну сыт и уасэ!

Уи адэжьхэм я бзэм урипсалъэу,
Я хъыбарыжь Iущхэр уи пшыналъэу,
Хъуэхъум я нэхъыфIыр зэхыуагъэхыу,
Ху махъсымэ фалъэр зэIэпахыу -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Уи къурш лъапэ псынэпс къыщыкъуалъэр
Уи бын и быныжхэм къыщIагъалъэу,
Уи Iэщ хъушэм хъупIэхэр яуфэбгъуу,
Мо IуащхьэмахуэшхуиIуащхьэмахуэшхуи къыбдалъагъуу -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Уи нэмыс, уи фащэ, уи джэгукIэм
Уи щIэблэщIэ уардэр щыгуфIыкIыу
Узэпсалъэр,
УщIэпсалъэр пщIэжу,
Уи лъэпкъ напэр лIыгъэкIэ бгъэпэжу -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Уи шы лъэпкъыфI пцIащхъуэу щIэлъэтыкIым
Укъэшэсрэ лIыуэ бгъэшу батэр,
УщIэукIытэжыни къыпхуимыхуэу,
Уэ уи щIакIуэ кIапэр жьым зэрихуэу -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Хьэм уигу щIэгъуу -
Зэхэпхамэ пщIэууэ,
УзэрылIэжынур
Зэгуэр пщIэуэ,
Дунеишхуэм уэ щыпщIэн щыпщIауэ,
ЛIым и хьэлкIэ гъащIэ къэбгъэщIауэ -
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!

Адыгэшрэ лIы бэшэчрэ.



# Сидней и лІыхъужь

## Олимп чемпион Къардэн Мурат

**Илъэс минитІым щІигъуащ олимп зэпеуэхэр къызэрежьэрэ. ПІалъэ гуэрым ар зэпагъэуауэ щытами, тхыдэм къыхэтэджыкІыжащ икІи дунейм къытехъуа зэхьэзэхуэ нэхъ удэзыхьэххэм я деж жьантІэр щиІыгъщ.**

ДИІАЩ, диІэщ икІи диІэнущ абы адыгэ лъэпкъыр щызыІэта щІалэ ахъырзэманхэр. 1948 гъэм Великобританием и къалащхьэ Лондон щекІуэкІа XIV Гъэмахуэ Олимп джэгухэм дыщэ медалыр къыщызыхьа Догу (ГъукІэ) Яшар хиша лъагъуэ дахэм иужькІэ ирикІуащ Къаплъэн (Уащхъуэ) Хьэмидрэ (1956 гъэ) Аталай (Нагъуэ) Мыхьмудрэ (1968 гъэ). Ди жагъуэ зэрыхъущи, зи гугъу тщІа бэнакІуэ телъыджэхэр тхыдэм зэрыхыхьар тырку чемпионхэущ, урыс-кавказ зауэжьым иужькІэ къыщыхута къэралыгъуэм зыщыщ адыгэ лъэпкъыр щрагъэбзыщІурэ зэман кІыхькІэ къызэрекІуэкІам къыхэкІыу.

Илъэс 44-рэ хъуурэ аращ адыгэр зэрыадыгэу Олимп утыку къызэрихьэрэ. Тхыдэм и дежкІэ а зэман кІэщІым ди лъэпкъым ехъулІэныгъэ инхэр къыхудэкІуащ - дэ диІэ хъуащ Олимп чемпиону 6! Ахэр псори ди дежкІэ лъапІэщ, ауэ ижь-ижьыж лъандэрэ ди адэжьхэм пщІэ лей зыхуащІурэ къэгъуэгурыкІуа бэнэкІэ спорт лІэужьыгъуэмкІэ 2000 гъэм Австралием и Сидней къалэм щекІуэкІа Олимп джэгухэм пашэныгъэр щызыубыда Къардэн Мурат щытхъу хэха хуэфащэщ.

1971 гъэм ар Зэрэгъыж къуажэм къыщалъхуащ. Физическэ щэнхабзэмкІэ Краснодар дэт къэрал институтыр къиухащ. Тренер цІэрыІуэ Къалмыкъ Юрэ и деж алыдж-урым бэнэкІэмкІэ зыгъэсэн щыщІидзащ. Дунейпсо кубокым щэнейрэ (1992, 1995, 1997 гъэхэм) щытекІуащ, Европэм и чемпионщ (1998 гъэ). АрщхьэкІэ и лъагапІэ нэхыщхьэр XXVII Гъэмахуэ Олимпиадэм (2000 гъэ) дыщэ медалыр къызэрыщихьарщ.

ИгъащІэ лъандэрэ Олимпиадэм хэтыну зи хъуэпсапІэ адыгэ щІалэм къыхукъуэкІа Іэмалыр нэсу къигъэсэбэпащ. Сидней и алэрыбгъухэм къыщыпэщІэува и хьэрхуэрэгъу псори абы хигъэщІащ. Псом хуэмыдэу удэзыхьэхт кІэух зэІущІэр. Абы къыщыпэщІэтащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикІа бэнакІуэ лъэщ дыдэ Линдлэнд Мэтт. Ар 3:0-у хигъащІэри, ди лъахэгъур Олимп чемпион хъуащ.

Спортым къыхэкІыжа иужькІэ Къардэн Мурат илъэс зыбжанэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым, иужькІэ - Іэтащхьэм, я чэнджэщэгъуу щытащ. Иджыпсту КъБР-м и Парламентым Физкультурэмрэ спортымкІэ и комитетым и унафэщІщ, педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидатщ.

ЩІыхь, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденхэр, «Кубаным и зыужьыныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм папщІэ» медалым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ» цІэ лъапІэр зэрехьэ.

# «Бгырыпх зэдзэкІам» хэт пэщІэтыфын?

## Олимп чемпион Хъущт Аслъэнбэч



**Джылахъстэнейм хыхьэ Белоглинкэ къуажэм 1980 гъэм къыщалъхуа Хъущт Аслъэнбэч алыдж-урым бэнэкІэмкІэ профессиональнэу зигъэсэн щыщІидзар гувауэщ - и ныбжьыр илъэс 20-м щІигъуауэщ. Абы и пэкІэ, и ныбжь щІалэ цІыкІухэм хуэдэу, къыщыхъуа къуажэм лъэпкъ бгырыпх бэнэкІэмкІэ щылажьэ секцэм зыщигъэсащ. АдэкІэ ерыщу щыпищащ еджапІэ зыщІэтІысхьа Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием. Куэд щыгъуазэкъым Хъущтыр а спорт лІэужьыгъуэмкІэ республикэ зэхьэзэхуэм и жэз медалыр къихьауэ зэрыщытам.**

НЭХЪАПЭХЭМ абы, зэрыжаІэщи, уафэгум вагъуэ къыщиубыдыртэкъым - дунейпсо чемпионат, Олимпиадэ жыхуэпІэхэм егупсысыххэртэкъым. Игу къызэригъэкІыжымкІэ, район чемпионатми зэи щытекІуакъым.

Аслъэнбэч и анэр пэщІэдзэ классхэм я егъэджакІуэщ, и адэр щІалэ цІыкІур илъэситху хъууэ дунейм ехыжащ. Унагъуэм сабиищ къыщыхъуащ: шыпхъу нэхъыжьрэ къуэш нэхъыщІэрэ иІэщ. Спортым и япэ лъэбакъуэхэр Хъущтым щрагъэчащ тренерхэу Битокъу Юрэрэ Цырхъ Анзоррэ. ЕджапІэ нэхъыщхьэм «технолог» ІэщІагъэр щызригъэгъуэтащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зыІэригъэхьа иужькІэщ абы бэнэкІэм и зэман псори щыхухихар.

Нэхъапэм зыми ямыцІыхуу щыта Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакІуэ щІалэщІэр къэралым и командэ къыхэхам и тренерхэм ягу дыхьащ икІи я гъусэу зигъэсэну ирагъэблэгъащ. АдэкІэ абы зэхуихьэсу щІидзащ нэхъ лъапІэныгъэ ин дыдэ зиІэ медалхэр. АрщхьэкІэ псом нэхъ лъапІэр Олимпиадэм зэрыщытекІуаращ.

Пекин и дыщэ медалыр Аслъэнбэч къыхуихьащ езым фІэкІа зыми къыхуэмыгъэсэбэп бэнэкІэ Іэмал гъуэзэджэм - «бгырыпх зэдзэкІа» зыфІащам. Мы спорт лІэужьыгъуэм хэтхэр щыгъуазэщ ар зэбгъэхъулІэну хуабжьу зэрыгугъур. КъызэрымыкІуэ къарумрэ Іэзагъымрэ къищынэмыщІауэ, абы папщІэ егъэлеяуэ псынщІагъ пхэлъын хуейщ: къыпщхьэщыс хьэрхуэрэгъум напІэзыпІэм укъыІэщІокІ, зэщІэбоубыдэ, алэрыбгъум къытыбочри, уи щхьэмкІэ щхьэпрыбодз. Апхуэдэ Іэмалыр Аслъэнбэч хуабжьу дэзыхьэх адыгэ бгырыпх лъэпкъ бэнэкІэм куэдрэ ущрохьэлІэ.

Хъущтым и «бгырыпх зэдзэкІам» дуней псом и спортсмен цІэрыІуэ куэд ихьащ. Иужьрейхэм ящыщщ Олимпиадэм и финалым щыхигъэщІа нэмыцэ абрагъуэ Энглих Миркэ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ 2008 гъэм Китайм и къалащхьэ Пекин щекІуэкІа Олимп джэгухэм килограмм 96-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэхьэзэхуэм Аслъэнбэч дыщэ медалыр къыщихьащ. Абы щригъэкІуэкІа зэІущІитхуми Хъущтым и хьэрхуэрэгъухэм зы балли ящыІэригъэхьакъым. А гъэ дыдэм Дунейпсо Кубокри къихьащ, Европэми и чемпион хъури, къыкІэлъыкІуа илъэситІми ар зыми иритакъым. Франджым, Польшэм, Румынием, Финляндием щекІуэкІа зэпеуэшхуэхэм бжьыпэр щиубыдащ.

Хъущт Аслъэнбэч унагъуэ дахи иІэщ. Абы къыщІохъуэ зы щІалэрэ хъыджэбзищрэ.

Иджыпсту Хъущтыр КъБР-м спортымкІэ и министрщ икІи къалэн инхэр щалъхуа республикэм щызэфІегъэкІ.

# Аслъэным хуагъадэ Джэду Іэниуар

**Тыншу щытакъым Джэду Іэниуар спортым зэрыхыхьа щІыкІэр. Езыр щалъхуа Псыгуэнсу къуажэм и адэ къуэш Анатолэ дригъэщІыхьа бэнакІуэ пэшым япэу щыкІуам и Іэр къутауэ къыщІэкІыжащ. Ирикъунут ар спортым гущыкІ ирихуэпщІыну. АрщхьэкІэ ехъулІэныгъэ зыІэрызыгъэхьэфыр ерыщыращ.**

ЯПЭ фэбжьым къригъэкІуэтакъым Іэниуар икІи и хъуэпсапІэм лъагъуэ хухишащ. ЩІыналъэм, республикэм, къэралым текІуэныгъэхэр къыщихьурэ, лъэбакъуэ зырызурэ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам ираджэным хуэкІуащ. Апхуэдэ дзыхь къезыгъэзахэри щІегъуэжакъым. 2010 гъэм щегъэжьауэ абы ди къэралми лъэпкъми я пщІэр иІэт зэпытурэ екІуэкІащ. А зэманым къриубыдэу Джэду Іэниуар Дунейпсо кубокыр зыІэригъэхьащ, тІэунейрэ Европэм и чемпион хъуащ, Европей джэгухэм щытекІуащ, дунейпсо чемпионатым жэз медалыр къыщихьащ, нэгъуэщІ зэпеуэ куэдми щыпэшащ.

ШыщхьэуІум и 19-м и мэрем пщыхьэщхьэм адыгэ лІыхъужь цІэрыІуэхэм иджыри зы къахэхъуащ. Ар Джэду Іэниуарщ. Рио-де-Жанейрэ дыщэ медалыр къыщылъымысами, дуней псор абы и лІыгъэм итхьэкъуащ икІи щытхъу псалъэ куэд къилэжьащ.

Пасэу ирагъэкІуэкІа пхъэидзэм ипкъ иткІэ, Джэду Іэниуар пэщІэтын хуейт нэхъапэм къыхэзыгъэщІауэ щыта, 2012 гъэм Лондон щекІуэкІа Гъэмахуэ Олимп джэгухэм я чемпион, дуней псом щэнейрэ щытекІуа, Дунейпсо Кубокыр тІэунейрэ къэзыхьа Барроуз Джордан. США-м и бэнакІуэр мы спорт лІэужьыгъуэм щынэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр наІуэт икІи зыри темыкІуэфыну куэдым къащыхъурт. Джэду Іэниуаррэ абырэ я зэпэщІэтыныгъэм сыт хуэдэ зэхьэзэхуэми



и кІэухыр игъэдэхэфынут. АрщхьэкІэ ахэр финалым и Іыхьэ плІанэм щызэхуэзат икІи тІум языр текІуэтын хуейт. Лъэныкъуэ езар Барроуз цІэрыІуэращ.

Іэниуар хуабжьу къехьэлъэкІащ финалым хуэзышэ гъуэгур. Азербайджаным щыщ Гасанов ДжэбрэІил дунейм щынэхъ лъэщхэм ящымыщми, Барроуз хуабжьу иригъэша Джэдур хигъэзыхьащ икІи фэбжь къридзащ.

Финалым къыщыпэщІэува Язданишариати Хьэсэн Ираным щыщт. Джэду Іэниуар кІэух зэІущІэм къихьащ и хьэрхуэрэгъур псынщІэ-псынщІэу хигъэщІэн зэрыхуейр къыгурыІуэу, армыхъумэ и фэбжьхэм зыкърагъэщІэнут. 6:0-у япэ щищам, зы шэчи къытрихьэжыртэкъым адыгэ щІалэр чемпион зэрыхъунум. АрщхьэкІэ и нэщІащэм къыщиуда лъыр яхуэмыгъэувыІэу зи щхьэри зи пщэри кърапхэкІауэ бэуапІэ зымыгъуэт Іэниуар и хьэрхуэрэгъум бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжыфащ икІи иужьу очко къызэрихьам япэ иригъэщащ. Лъыпсыр къызыпыж адыгэ щІалэм къыІэрыхьар дыжьын медалращ, ауэ ІэщІагъэлІхэми абы кІэлъыплъахэми къызэралъытамкІэ, ар дыщэ куэдым нэхърэ нэхъ лъапІэщ.



# Урысейм и Президентыр къыдэзыхьэха адыгэ щІалэ

## Олимп чемпион Мудрэн Беслъэн

**Мудрэн Беслъэн спортым зэрыхыхьар самбэращ. Зыгъэсэн зэрыщІидзэрэ куэд дэмыкІауэ, 2007 гъэм ар Урысей Федерацэм и чемпион хъуащ икІи дунейпсо зэпеуэм дыжьын медалыр къыщихьащ. Абыхэм къыхэкІыу «Дунейпсо классымкІэ спортым и мастер» цІэ лъапІэр къыфІащащ. АрщхьэкІэ иужькІэ дзюдор къыхихыжащ. Щхьэусыгъуэр зы закъуэщ - дэтхэнэ зы спортсменми хуэдэу, Мудрэныр щІэхъуэпсырт Олимп зэпеуэхэм хэтыну, арщхьэкІэ самбэр абы и програмэм хагъэхьатэкъым. Дзюдом и Іуэхур абыкІэ нэхъыфІт.**

ЗЭМАН кІэщІым къриубыдэу бэнэкІэ лІэужьыгъуэщІэр Беслъэн къигъэІурыщІащ икІи къыкІэлъыкІуэ илъэсым абыкІи къэралым щынэхъ лъэщ дыдэ хъуащ. АдэкІэ Европэм чемпион (2012, 2014 гъэхэм), дунейпсо зэхьэзэхуэм етІуанэ (2014 гъэм) щыхъуащ, Европей джэгухэм (2015 гъэм) дыщэ медалыр къыщихьащ. Абыхэм къапэкІуащ «Урысей Федерацэм дзюдомкІэ щІыхь зиІэ и мастер» цІэр. АдэкІэ Олимп лъагапІэм хуэкІуэ гъуэгур къызэІуха хъуащ.

Ди щІалэхэр Бразилием зэрыщыхуэмыхунур хэт и дежкІи гурыІуэгъуэт. Нэрылъагъут ахэр зым щхьэкІи къызэримыкІуэтынур. Уеблэмэ, абы гу лъитат Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимири. Мы илъэсым и пэщІэдзэм ар кІуат Сочэ зыщызыгъасэ къэралым дзюдомкІэ и гуп къыхэхам и зыгъэсэныгъэм кІэлъыплъыну. Мудрэным и гъусэу зэрытрадзэ Іэмал гуэрхэр щагъэлъагъуэм, къеупщІащ Олимпиадэм зэрызыхуигъэхьэзыр щІыкІэмрэ и мурадхэмрэ.

Беслъэн къэралым и Іэтащхьэм жриІащ Рио-де-Жанейрэ кІуэну зэримурадыр икІи Іэмал имыІэу медалхэм зэрыщІэбэнынур.

- Сыт хуэдэ медаль узыщыгугъыр? - щІэупщІэжащ Путиныр.

- Дауи, дыщэращ, - жэуап пыухыкІа итащ ди щІалэм.

Хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу къилъытэхэм щыщІэупщІэм, Беслъэн жиІащ Японием щыщ Такатэ Наохисэ апхуэдэу зэрыщытыр. Нэхъапэм ахэр зыбжанэрэ зэпэщІэхуати, гъуэрыгъуэурэ текІуэныгъэр зыІэрагъэхьащ. Иджы Олимпиадэм Мудрэным щичэзууэ къелъытэ.

Зэбэнхэр яуха иужькІэ зэхэта зэІущІэм Путин Владимир щыжиІащ къэбэрдейхэр японхэм хъыжьагъэкІэ ефІэкІыу къызэрилъытэр. Ар зэрыпэжым куэд мыщІэу Бразилием щыхьэт щытехъуэжащ.

Хуабжьу дызэрыщІэхъуэпсауэ, гуфІэгъуэшхуэкІэ щІидзащ Рио-де-Жанейрэ щекІуэкІа XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэм. Абы и япэ махуэм Урысей Федерацэм дыщэ медалыр къыщыхуихьащ Бахъсэн къалэм щыщ адыгэ щІалэ Мудрэн Беслъэн - дзюдомкІэ килограмм 60-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм ар Олимп чемпион щыхъуащ! Къэбэрдей щІалэр и хьэрхуэрэгъу псоми ефІэкІри, Олимп лъагапІэм къыщыхутащ.

*НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар*
**ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.**

Редактор нэхъыщхьэхэр:
ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд,
ДЕРБЭ Тимур,
ТХЬЭГЪЭПСЭУ Увжыкъуэ

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Номерыр „Адыгэ псалъэм“ и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ. Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 23.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.000
Заказ №1472